Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Kuda Panoli

CERITA RAKYAT CIREBON

Sudibjo Z.H.
R. Soeparmo



ktorat
yaan

idikan dan Kebudayaan

KUDA PANOLI
Cerita Rakyat Cirebon

TANGGAL	[illegible]
23 AUG 1984	1159

PPS/Cr/2/80

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan

KUDA PANOLI

CERITA RAKYAT CIREBON

Alih aksara:
SUDIBJO Z.H.

Alih bahasa:
R. SOEPARMO



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH
Jakarta 1981

Diterbitkan oleh Proyek Penerbitan
Buku Sastra Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Cirebon, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1980

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

DAFTAR ISI

I. Kinanthi 7
II. Mijil 20
III. Pangkur 25
IV. Sinom 35
V. Pangkur 44
VI. Sinom 52
VII. Asmarandana 60
VIII. Megatruh 70
IX. Kinanthi 82
X. Durma 97
XI. Dhangdhanggula 110
XII. Mijil 121
XIII. Durma 133
XIV. Pangkur 140

Kuda Panoli (Terjemahan)

I. Kuda Panoli Bertemu Puteri Madenda 155
II. Kuda Panoli Ditipu Disuruh Berburu 168
III. Kuda Panoli Berangkat Berburu 180
IV. Kuda Panoli Bertemu Dengan Turidiningrat 183
V. Kuda Panoli Diburu Raja Keling 193
VI. Kuda Pamekas Mencari Kuda Panoli 200
VII. Kuda Pamekas Di Pertapaan Argaresmi 208
VIII. Kuda Panoli di Desa Teluk Mina 224
IX. Kembali ke Negara Jenggala 236
X. Kerajaan Madenda Ditaklukan Jenggala 245
XI. Sang Raja Kediri Pergi ke Jenggala 258
XII.
XIII. Keling Siap Menyerang Jenggala 281
XIV. Tentara Keling Hancur Kuda Pamekas Diminta Menjadi Raja 288

KUDA PANOLI

I. KINANTHI.

1. Lir syaraning wong anglindur
tinunder paksa nunulis
katilas ing cumanthaka
mbuh dening kaya wong bangkit
ambangkat dudu sasama
sasamining wong tan paji.

2. Pijer angajar kajajur
kajoran cedha pamancing
wancenana wong kang kaya
laku dhingan isun iki
suka sakareping wong kang
angguyoni angencepi.

3. Den kongsi menco macucu
tan ingwang kang angguyoni
sastrane wong ala tuwa
latah talutu alanting
kalud ing wong pinggan gedhang
ji wis dadi kakir-kakir.

4. Wiyosing manah kalurung
milaning angintar gurit
embuh paraning sidadya
pangangguran anunulis
dadining awur-awuran
angawar tatamba sepi.

5. Ingkang winuwus rumuhun
dados dhapuring anggurit
purantara ing Madhendha
tatkala sri narapati
ingkang putra jinenakan
dening bumi nata Keling.

6. Angsal kali madya taun
malah adalem pribadi
wonten sajawining kitha
akasukan siyang latri
milaning kawenang-wenang
karaos sampun anjudhi.

7. Mangke dasos resakipun
sambating kawula alit
paminggir len padhusunan
sapinten lamine mangkin
sangeting paparentahan
miyosi amanca kali.

8. Sampun agung dhusun suwung
kang tebi saking negari
dados wana aluwungan
titiyange sami ngalih
angungsi ing dhusun liyan
ingkang adhem kang den ungsi.

9. Awor kalayan teteru
ing resaking panagari
kang amawi gara-gara
nengge sosotya kang adi
ing mangke amendhem kula
asale saking Kadhiri.

10. Anglolos kalaning dalu
tan aetang ing marga writ
kawibawane den tilar
anglampahi kawlas asih
meng panakawan sajuga
rencange sabayapati.

11. Binendon dening kang ibu
milaning tilar nagari
awis aguling ing pura

lamon kalaning togari
wantuning rare gandhila
buranca remen ing istri.

12. Ayusya nembelas taun
warnane bagus amanis
anengge kaparna wayah
dening Bathara Kadhiri
wondening kang apuputra
nengge Arya Wukirsari.

13. Saking sangeting anamur
boten wonten kang udani
titiyang praja Madhendha
yen terahing kusumadi
dados punapa katura
dhateng adipati Keling.

14. Ing samangke parnahipun
ponggawi kang amenedi
sira Arya Kartapura
pan inggih santana ugi
lan sinuhun ing Madhendha
nengge tumimbal ping kali.

15. Sumilih lelenggahipun
agung pan boten sinami
kalawan ponggawi liyan
winenang asaba puri
langkung kandel kapracaya
dening kangjeng sri bupati.

16. Paosing amangun tutur
sira sang raja suputri
kang wonten pura Madhendha
mangke kalaning winarni
alinggih amajang wulan
wonten sandhaping kamuning.

17. Mengha kang pedhek alungguh
rare wasta pun Cantigi
lawan pun Paraningsemang
amangku lalancang rukmi
warnane lir ing syapena
adining raja suputri.

18. Pinten lamining awuyung
asmarane angembehi
wenes lir wimbaning wulan
kalaning purnama sidhik
asinjang cindhe warangan
kampuhe janur sinebit.

19. Sengkang manik binabakung
tutunggul ingadu manis
inten sinawung lan mirah
sekare bogem binalik
rema lemes andhan-andhan
wuryaning sesarat enjing.

20. Kaduk rumi campur bawur
awor lan burat kasturi
angalaya ing pantara
lan pangabading kamuning
lir penda angengetena
ing manah kandheh kasarik.

21. Sangsaya kadya binawur
miyarsa paksi kucumbing
mencok ing panging angsoka
aimbalan padha muni
danguning angudyasmara
tambuh marganing katangi.

22. Ingkang pinaran ing wuyung
denira sang dya suputri
jajakane wong Kariyan

awasta Kuda Panoli
bagus warnane widagda
dados suhuring nagari.

23. Milaning sang srihning ayu
uninga Kuda Panoli
lantaran amanakawan
dhateng ing sri narapati
kala aneng pabedhagan
aturu pedhek padhati.

24. Titiyang sadalem agung
manahe samya kasarik
sara surak guguritan
mangke sadaleming puri
ungele tan ana liyan
meheng Undhakan Panoli.

25. Tan adangu nulya rawuh
alingan witing balingbing
meng panakawan satunggal
kang lumebet atut wingking
awasta pun Sangulara
rare Wandan den kasihi.

26. Arahe anjeneng dangu
tan angatingal tumuli
nunten kasesa kendahan
ing suwarnane sang kadi
widadari kamanusan
tumedhak saking wiyati.

27. Gepah anulya pineluk
sang ayu kaget anoli
sendhu alerek ing tingal
teka mamarasi ati
kakunge mesem angaras
anuhun bebendu gusti.

28. Dasihira kumapurun
karasa sira kasihi
metu kudu andaluya
kadadawan dadi wani
mara gusti dukanana
yen kongsi teka ing pati.

29. Mangsa wandeya anuhun
ing siyasatira gusti
amung isun najan ana
marek maring sira dhingin
ya ratu muga dhamanga
mbok kawulanira mati.

30. Gusti aja pati tambuh
sira kapakaken maning
bendunira entengena
mbu latala sun linggani
pon isun kawulanira
apa karsanira gusti

31. Laku masih andalurung
aturisun maning-maning
ora den piduli pisan
lumuh yen katon asudi
ing panakawane cabar
kang tansah anuhun runtik.

32. Ing salawasing tumuwuh
kapengen den kasudeni
supaya ari kang delap
weruh yen anggere sengit
parandene kumadama
angajap lunturaning sih.

33. Sang dyah mindel tan sumaur
boten karsa amangsuli
sinamur layan amucang

sarya amuwus ing cethi
mara sun paraning semang
mara anggur padha muli.

34. Kakunge mesem amekul
angaras awanti-wanti
lengus temen wong ingajap
pupujine wuwuh maning
bibisane kumalera
yen kinangenan ngadohi.

35. Sarya ingaras pinangku
sinung ganten saking lathi
ginunturan ing asmara
pinrih lunta amartani
wantuning kakung widagda
bagus bisa amet ati

36. Lir bramara nguswa santun
pamintaning angajap sih
pilih kang ora luluta
ing lathine kang amanis
reremene yen amitrah
ambrih den kadingalemi.

37. Sang dyah ingemban rinungrum
tinawangaken ing sasi
pangraosing tyas kendahan
lir peja agesang mali
mangke kang pinrih lipura
lagya karsa amangsuli.

38. Ing manah langkung susunggun
yen ta menggaha kajawi
kadya wus ingaturena
dhateng ing sang dya suputri
saking sangeting alangka
pangraose kang amundhi.

39. Lir kawahan tasik madu
tumingal liringe manis
kadya tembening sinapa
kabaraning manah kadi
nembe ing manakawana
dhateng kusumaning puri.

40. Aris denira amuwus
sira Undhakan Panoli
baya kang amor ing sira
gusti ratuning apsari
karane sing kaduluran
warengkenge sun kasihi.

41. Iya tah ngemungna isun
ratu kang anawitani
anuku ing medhanira
sang dya mesem amangsuli
angandel lambe leweran
tan age adol ing yakti.

42. Ora pegat anglalantur
atinisun dan prih asih
pira angeling ambobad
najan isun uga bangkit
rarasan angaku eman
kakunge gumujeng angling.

43. Karane si atinisun
pira lawasing andasih
kaya lumuh ing aliyan
malulu ing sira gusti
dunungan kang amuktiya
sakabehe anduweni.

44. Mara susumbara ratu
isun bae kang den pundhi
mangkono dening si delap

kang ora sunpanujoni
parandene kumadama
maring isun kudu asi.

45. Anurut sakarepisun
belih sok anglaganani
eman yen ora ngidhepa
jar kawulanisun asi
tandhane isun deneman
gelem sun parenta sering.

46. Tirunen mara wong ayu
ing saaturisun gusti
sunupahi dama eman
bari ora salin-salin
susunanisun mung sira
sang dya mesem amangsuli.

47. Iya beli ora wudhu
ing sira aja ana asi
enggo apa wong larisan
mider kenges denulemi
ora anteng ana nguma
tansah dentanggap anggamil.

48. Kuda Panoli amuwus
baya sapa ingkang sudi
gusti maring dasihira
pan wong cabar bari tani
supaya mungguh ing sira
ratu karsa sundelapi.

49. Wis lagiya ulatisun
teka manahira gusti
dhamang angangken kawula
bang iwen sunkamarasi
lagi sadurunging ana
kawilasanira gusti.

50. Mangko katekana ngulun
ing sampeyanira dyadi
metu ora kena pisah
kaniayanira gusti
ing atinisun kang wangkal
adreng kudu maning-maning.

51. Amareki sira ratu
apa ta margane ari
barenga sadina-dina
isun anang kene pasthi
dadiya patunggunira
yen arep mungga aguling.

52. Sang dya ris denira muwus
mbok aja kalewih-lewih
lambenira yen angawar
kaya kandhohan buncari
parandene ujarira
ora sok doyan angramji.

53. Kakunge mesem amuwus
gumujeng angaras lathi
dhawuhe asmaranira
pangaruhe amuroni
mulaning datan kemutan
sarungganing kanya puri.

54. Amung si manawa durung
peja sandhaping stinggil
masa sunkasinggahana
sarananing anuhun sih
dadiya suhuring jana
dasihira ora wedi.

55. Parandene aturisun
ora sok den pracayani
anganti mati angucap

yèn apapaido bangkit
guguron ora andelan
amberung enakan ati.

56. Nulya binekta sang ayu
dhateng jijineman alit
parantos agugulingan
lamon kalaning anepi
tulya sri pinapajangan
warnane kumening-kening.

57. Pun Sangulara amuwus
mreneya adhi Cantigi
aja nadhodhok ing natar
ana kokokbeluk muni
pun Cantigi nulya prapta
ndhesek-ndhesek asmu wedi.

58. Ararasan ora saru
sira uga sunceireni
mulane ta nigas cidrah
bacotira ora yakti
angiseni setan edan
bisa angapus-apusi.

59. Pun Sangulara amuwus
jing lagi susah kang ati
atotohan sering kalah
sakarepe angumbangi
wis bener kang ararasan
dheh nuhun bebendu gusti.

60. Mitrane amuwus asru
lah sira puwas kang ati
susah barabeyanira
muyab sira uga sering
ambobad ora sapisan
nitiyasa maning-maning.

61. Pun parani semang rawuh
heh tegane si binedhil
anjeglog kaya sasalad
sun arani si wis mati
weruha yen sira teka
mau gelis sunparani.

62. Yen ing sira milu-milu
angomong kaya priyayi
ambeke kuciwah randha
padha ewong denladaki
dentangguh ora kawagang
isun angujar-ujari.

63. Dening paksa kumaisun
malaku sunkawedeni
kaya ta sira bathara
mandi embok anulahi
endeng sira rainira
ku lehe sira tutupi.

64. Pun Sangulara amuwus
dheh mengko isun anangis
juwet temen umbang-umbang
wong wadon anggigilani
napsune kaya rasaksa
teka mungkarag kang gigir.

65. Kang lagya apulang lulut
amyarsa wuwusing cethi
angling saking pagulingan
kakung kacaryan ing gali
iya maning nganjing sira
Sangulara amimiti.

66. Bener ingkang amaribuh
telungane iku sudi
aumbang-umbang ing sira

lan ta gustinisun iki
wis arep bangun raina
durung karsa àmangsuli.

67. Sarwi mitrane denpangku
warata dipun arasi
dhateng ing wekasing sinjang
sang dya yu amuwus aris
uwis sun age miliha
mbok ana kang amenangi.

68. Kakunge mesem angrungrum
ratu gusti aja dadi
banget ing mamarasira
wis wayahe wong andasi
temah andanu patala
isun sadya anglabuhi.

69. Yadyan mulih aranisun
bae ing praja Kadhiri
didimene suhur ing rat
yen isun wis anemahi
ana ing praja Mandhendha
lantaraning anuhun sih.

70. Wis pandulurira ratu
aduwe kawula siji
ora pantes kabyantara
mung bisa anunukeri
gusti tatamba lumayan
paranti anglaladeni.

71. Sata ingkang kukuluruk
syarane anggapas ati
tengraning pehdek raina
ingkang lagya apulang sih
manahe kadya sinendhal
lumu wiyanga tumuli.

72. Pun Cantigi aris matur
gusti sampun pedhek enjing
banggi wonten kang uninga
nulya Undhakan Panoli
tumedhak sarwi angucap
dhateng kusumaring puri.

73. Kariya gusti wong ayu
panakawanira amit
sangonana gantenira
sun nggo usadaning agring
banggi apambengan pejah
mangsa pinanggiha malih.

74. Alon lampahe lastantun
kering ing rare sasiki
amanggi saking pamengkang
kang sambang tan ana uning
sareng alintang pasowan
sumirat wimbaning rawi.

II. MIJIL.

1. Kawarnaa kang wungu aguling
aris amiraos
Arya Kartapura ing garwane
anakira si Kuda Panoli
konen aniliki
kadingaren samun.

2. Pon isun anglilir sering-sering
dalasan andhodhok
sun teling telingaken abane
anakira si Kuda Panoli
pirang dina iki
ing panilapisun.

3. Kaya bocah anduweni ati
lan awake andos
baya maring ngendi sasabane
panakawane yen suntakoni
sakabehe kelid
ora na angaku.

4. Wingi lagi katemu nunulis
ana boca wadon
sawiji andhodhok ing ngarepe
pandeleng isun kaya susumping
bari den wadhahi
lan nanampan Jepun.

5. Mung kalingkab tutupe sathithik
kembang puspa lembong
lan den parada Siyem rupane
bari mentas sabobore kuning
nanging sun arani
sabatur ring iku.

6. Dening angabad mambu kasturi
jari ta wong anom
lagi pandenge ing babaguse
ora na pegate asusumping
dhemen ing wawangi
garwane sumaur.

7. Ya ta bangiwen sun uring-uring
lagi ana sampyong
lwih ping sapuluh kongkonane
andarewe anjaluk susumping
ora sunwenehi
puwas atinisun.

8. Aja si dumadak toli oli
kembanging argulo
padha sunkon nusulaken bae

amung rone kang sun paradani
lagi ambeneri
isun nora kaur.

9. Arya Madhendha suamur aris
lah aja mangkono
masakaken katuwon atine
pira kadar anjaluk susumping
ora sira wehi
bari ta densendhu.

10. Sih isun ing si Kuda Panoli
dhing ora guguyon
kaya olih sun ayuga dhewek
angrasa yen sun eboti ati
wuwuh wedi asih
rupane ming isun.

11. Lan bari kena sun tari-tari
prandene wong anom
ana kapinterane budine
ako isun sering denwanceni
dalah kongsi isin
kala-kala iku.

12. Rarene matur sarya wotsari
dangu kaula ntos
putra andika maksih asare
henggeh sasipeng boten aguling
kados akakelin
kang inganglu lesu.

13. Kyan Arya tumedhak sarwi angling
kaya ta la ado
mbok apa anaa kang mrene
bocahe si Undhakan Panoli
dening ta wis sering
isun apapacu.

14. Yen kalaran lingsir tengah wengi
sun kon anjarogjog
apopoyan marene den age
bi Arya aglis denira angling
la kuh dahu iki
ana wong atutur.

15. Kambengan wonten potusan prapti
pawestri saking jro
Kyan Arya ingandikanan age
nulya kesah sarwi aweweling
pacuwan sawuri
titip anakisun.

16. Nunten garwane sumaur aris
mangko sun marono
sarya lumaris dheteng mangilen
ing wesmane Undhakan Panoli
ingkang denpurugi
kapanggih amujung.

17. Aules sarasa natar wilis
bagus sinosorot
denwedali saking iringane
apa ingkang sira anglu gusti
kang wau aguling
wungu apupungun.

18. Mesem amuwus Kuda Panoli
tegane si embok
sampun siyang puniki ta dereng
kaula ta jing tembene tangi
kang tinaken angling
masih rada esuk.

19. Akurah waja ing sangku rukmi
anunten dhahar wo
gantal jembe wangi kasaptane

kakantunan saking dalem puri
angsale sang putri
milaning pinundhut.

20. Lancingan cindhe akampuh rangdhi
sarirane boboh
remane lemes daweg paose
karemene sang raja suputri
milaning kinardi
ginotrah tumuruţ.

21. Bilih dados lantaraning runtik
mila tansah among
lumuh aneranga wawangkide
pangraose mbok den kaewani
kalangkung ing ajrih
wantuning amuhung.

22. Wenesing wadana anelahi
uter-uter ijo
lathi menges awenes baguse
kadya ta mentas kinare wingi
gumilap akuning
lir kancana lurus.

23. Yen angandika arum amanis
bari bisa anor
binadhe sumangguh wawateke
singa kang asi den kawelasi
tapakane aris
bagus ora lengus.

24. Dados pasambating brangta kingkin
wiyosing anglamong
ora nana liyan kang den ame
amung sira Undhakan Panoli
kawrat ing rerepi
dados panjang kidung.

25. Nulya Bi Arya amuwus aris
ing putrane alon
ginurayang malih sarirane
awakira iki dening pangling
mung sadina wingi
ora atetemu.

26. Kuda Panoli amuwus aris
meng lesu kemawon
boten wonten kang karaos sanes
Nyi Arya aris dennya mangsuli
ku lae si gusti
awakira kuru.

27. Iya gusti si embok borehi
mesem kang tinaros
enggih kajeng yen eca ambete
yen andika cara bocah cilik
boten anenggangi
sakit wewe lesu.

28. Bi Arya wuwuse amangsuli
lah ora mangkono
dening wis dadi ile-ilene
putrane gumujeng amangsuli
boten api-api
inggih yaktosipun.

29. Manahira Undhakan Panoli
jroning amiraos
tan liyaning pangudyasmarane
ameng kang ana ing kanyapuri
katingal ing galih
sadanguning lunggu.

30. Sinamur-samur tan kena lali
sangsaya karaos
dangu boten amaos serate

onenging manah kadya sinipi
dene saban asring
potusane rawuh.

31. Tambuh polahing katanohan sih
astanira alon
angungkabi dhateng pawohane
minge sarwi alingan guguling
serate sang putri
ingaras rinungrum.

32. Pinipindha sadaleming galih
pan boten kawiyos
kadya wuwusing ambeda rare
kulehe gusti sira apurik
ora amangsuli
mara kangen isun.

33. Apa talah dosanisun iki
teka sira andoh
pantes kabosenen ing manahe
iya mangkono badhene gusti
mbok aneletehi
si delap amberung.

34. Bi Arya aris denira angling
ing putrane alon
atuturon den bener pasange
ari gah mengko angelu maning
dhuh kaku kang ati
lelewane iku.

35. Kuda Panoli gumujeng angling
pan boten karaos
eca kikileman sawancine
sumados tah kangge nahan titih
nunten dados sakit
layakipun kambuh.

36. Mangke yen kaula ati-ati
sakit wewe lesoh
leheng tinurutan sakecane
kang ngajak pagujengan angling
ora ambisani
jar wong doyan mamprung.

37. Lumuh yen meneng suwe sadhidhik
kalasad kolosod
atine arep ngulaya bae
supaya ta ana isun iki
banget anayuti
putrane sumaur.

38. Si Embok teka sabagi-bagi
manahe mangkono
tur mungga barakut satemene
yen andika suwe ing ngariki
kaula prihatin
mbok Ki Rama bendu.

39. Arya Kartapura nulya prapti
saking jro kadhaton
anguwuh-uwuh dhateng putrane
apa talah si Kuda Panoli
ora kedhing-kedhing
ing sawurinisun.

40. Sampuning sareng samya alinggih
nulya muwus alon
sang Arya dhateng ing atmajane
saking tan eca miyarsa warti
nunten abibisik
kang putrah pinekul.

41. Tumungkul sira Kuda Panoli
boten saking wesdos
amiyarsa tuture ramane

amung mangsa wandeya atebi
lan ratnaning puri
milaning angungun.

42. Yen angucapa sajroning ati
lah ta ora bodho
tegagne bener pangandikane
ratunisun lagi mau bengi
bananisun ambrih
karana panglulu.

43. Pantese kinon lunga tumuli
maring pabuburon
mangsa wurunga edan angame
ora tatemu samono maning
yen kangkata wengi
ing pandarung isun.

44. Dening teka atinisun iki
ora gelem ado
kudu apan angrungu wartane
ing si warengkeng doyan apurik
yen bendu sawuri
sapa kang anulung.

45. Muga aja barenga tumuli
lan si andalopong
camera sabrang uga lakare
golomok ora etang ing westhi
yen den leri budi
ambeke manthangul.

46. Embu ta yen isun uwis mati
kalakon denpondhong
tutug awibawa lan rabine
yen uga isun masiya urip
kaya ora wedi
asambunga bau.

47. Yen uga pakone sri bupati
aja ta samono
iki ta parentahing wong sejen
bari setan kang sun kagethingi
apa ora bangkit
dhewe abuburu.

48. Sumagar arep amondhong putri
kondur ing samono
teka kinon angembani bantheng
yen nora nana wong budhal-badhil
wurung rabi putri
sida mondhong usus.

49. Langkung ing bendu sajroning galih
pan boten kawiyos
amung ketawis geseng semune
embeh kadya kancana sinangling
amewahi lungid
ing suwarna besus.

50. Arya Kartapura angling malih
yen uga samangko
nagara iki lewih erite
kaya ora kena wong angemik
siwa asadhidhik
toli gelis katur.

51. Ali adan kaya isun iki
lakaring wong bodho
kaya lumuh ararasan suwe
dening si angraksa ati lali
tansah wagah-wigih
wedi mbok kalangsu.

52. Kuda Panoli gusti denbecik
sira boca anom
aja katungkul ing andalewer

karana bapa ing mangsa iki
asarana eling
sadinane iku.

53. Sigeg gening kang lagya anggosthi
kawuwusa mangko
anenggeh wong agung kabopaten
angandika saking wanci lingsir
dalah mangke maksih
pinedhek ing lunjuk.

54. Kyang Rangga layan mantri kakalih
kang samya tinaros
pun Gajahwarangan jujuluke
ageng aluhur sanbadan jrihi
sarenge alinggih
lan pun Gajahwuru.

55. Andel-andele sang adipati
yen amawi kardos
punika ingkang mengsah damele
mulane purantara ing Keling
dipun katahani
dening sami ratu.

56. Yen ugi kala wonten ing Keling
kang sampun kalakon
dereng kalampah wonten tiwase
asring pinirena dening gusti
karanten sinelir
agung yen asanggup

57. Sang adipati linggih ing korsi
tur sarwi dhahar woh
pinangku ing cethi sampeyane
agegedheg sarwi malang-miling
tansah dentingali
kabusananipun.

58. Akampuh kumitir tengah abrit
maksih kumaresok
sabuk kancana lancingan cindhe
sekar campaka buburat putih
padhadhag padhidhig
akolturan kaku.

59. Ingayap dening para pawestri
lenggahing wong agrong
upacanten sadinten dintene
antuk adan yen kesah ing puri
sangkin denwuwuhi
kabusananipun.

60. Jar putrane buminata Keling
milanipun kados
anedhaki saparipolahe
gunggungan mangkrak tan wruh ing wisthi
kereng cupar omi
sogok yen amuwus.

61. Lamon kala kesah acangkrami
saangsale dendol
aja kang suka bungah manahe
pawongan jalu kalawan istri
tansah sedhih kingkin
ingkang atut pungkur.

III. PANGKUR.

1. Sang Adipati ngandika
mung samono ujare uwa patih
Kyan Rangga anembah matur
inggih meng sapunika
banggih wonten timbalan dalem kang kantun
atur sembahe pun uwa
boten purun anglangkungi.

2. Dhateng karsa jengandika
dalah maksih wonten ing pancaniti
pun Kuda Panoli wau
tebah ingandikanan
kalayan pabedhag kang pinanci tumut
layan kudanipun pisan
sami kinen ambaktani.

3. Mantri anem kawandasa
tinimbalan dening pun uwa patih
inggih saturangganipun
kajineman sadasa
punapa tulus inggih ing benjing wastu
sampeyan timbali wiyang
ature pun uwa pati.

4. Eca manahe pun uwa
yen kantenan pangandikaning gusti
sang adipati amuwus
pakenira lungaa
paman maring uwa patih den agupuh
kon abidhakaken tiyang
paman ing sasore iki.

5. Pakanira timbalena
upama gorogolan sampun angranjing
pacuwan wani anumpuh
yen boya apapajar
sanajana teka ing sapuluh dalu
sampun wani anggagampang
yen durung manira jani.

6. Kyang Ranggà amit anembah
nulya kenas dhateng rakyan apatih
gagancangan lampahipun
kering dening akatha
sang adipati tansah menggah alungguh

hawaning manah bramantyah
dhateng Undhakan Panoli.

7. Samangsa lamun kemutan
dhateng sira sang Undhakan Panoli
manahe lir winaringut
kadya talah resepa
anglangga ludiranira sang abagus
tansah ing anguntar-untar
ing siyang asambung latri.

8. Kaseseh gumawang-gawang
suwarnanira sang raja suputri
samangke kadya wong wuru
lambene sok angacam
sampun supe ing dhahar lan gulingipun
awuyung pijer kedanan
dhateng kusumaning puri.

9. Milaning kalintang-lintang
sengitira ing Undhakan Panoli
dening angambengi kayun
purun ambarung sinang
mangke kalampahaning lejar anulus
langkung ing agirang-girang
manahe sang adipati.

10. Bapa sira tumutura
yen wis kira-kira olih rong bengi
timbalane ujaringsun
pacuwan aja ora
kon nguripi brangkanang limang atus
awake kono sunganjar
kongsiya aminangkani.

11. Besuk yen teka sunpapag
bari sunpanganggoni cara Keling
iku bapa kaulaingsun

upama yen katekan
sunideraken tengahing alun-alun
dadimene kasasmatan
tandhane yen sunkasihi.

12. Dening wong praja Madhendha
sasukure kang padha welas asih
matane mbok masih mumur
durung pati waspada
yen rupane si Kuda Panoli bagus
dadi werining praja
si kacoang nglalanangi.

13. Heranisun iku bapa
jajadhuge wong wadon gedhe cilik
kebek ambaning lulurung
angucap sing mangkathak
yen ora kadeleng padha mangu-mangu
ana ing gegeledhegan
andhempel pating karaping.

14. Ararasan gumalanthang
si Undhakan Panoli dengulati
katekan ing wong babakul
milu kaya wong muyab
bari untune ompong endhase mabluk
parandene kumayangyang
lukak milu-milu baring.

15. Sun idekaken ing jaran
saking sewot bapa panas kang ati
bathuke kongsi manjelut
kapilis ing karacak
sun kon angungsebaken pisan ing watu
salimaa padha edan
embuh-embuh denrasani.

16. Ingkang liningan anembah
kaula sangiwen ama . . .
(ical kalih kaca).

IV. SINOM

3. –
–
– . . . kakang
lae amung kari sasih
sun enggoa susumping
metu tewang atinisun
mara ta gawekena
enggo saselene maning
ora tulus sira gusti yen lumuha.

4. Ujarira mau welas
isun yen sida amati
wartane jeha karuna
isun den masakaken ing
mulane sunparani
banget semang atinisun
mbok manahira rusak
dasihira milu maning
bela isun tan dreman sariranira.

5. Ratu isun nora nyana
yen katekan marek maning
anuhun sampeyanira
saking delap ing andasi
wis gusti isun amit
kariya aja bisturu
mbok gadhang lakinira
ari uga bendu maning
denpateni konoh isun ping salaksa.

6. Sang dyah pinekul ingaras
iya ratu isun amit
wong ayu sira kariya
sang dyah anulya nungkemi
karuna sarwi angling
anggondhel koncaning kampuh
mengko sun aja lunga
isun patenana dhingin
amaksa sang abagus anulya merad.

7. Sang rajaputri anjola
kasirep dhawuh ing siti
rarene pareng tumingal
aglis denira nungkemi
sami pating jalerit
wuwusen ing dalem agung
ingkang kaget anendra
amiyarsakaken tangis
sami prapta muwah kangjeng prameswara.

8. Pareng rawuh kinarunan
denira sri pramesyari
sarwi ken mipis usada
dhateng ing sang mahadewi
manahe denpeteki
sira kusumaning ayu
sawungune kantaka
ingkang ibu dentingali
panduka pramesyari aris angucap.

9. Ratu Mas kulehen sira
dening mau suntiliki
ujare lagi dodolan
mulane enak ing ati
yen wingi si Cantigi
iya rarasan ming isun
ujare yen kalaran

nanging wis ana sadhidhik
metu karem atinisun iku tega.

10. Sinundhang mastakanira
denira paduka syari
ingarasan kang pasuryan
nulya binakta lumaris
mring jijineman alit
mapan karsane sang ayu
boten ayun binakta
ing pagulingane malih
Samahadewi angling ing pramesyara.

11. Raka punika usada
leheng andika burati
sumados mindel kewala
mbok sariranipun sakit
mentas kaungkah-angkih
menawi weweh angelu
bari linalarikan
punika antu sisilir
boten anget amung mangsoyi kewala.

12. Paduka matur lingira
aja denwehi tarasi
mengko ora gelem pisan
iku anganggo pipilis
beda wong ora apik
Paduka yeka sumaur
pantes jamak andika
aracik antu sisilir
denwenehi tarasi kalawan sabrang.

13. Ujare wong tuwa-tuwa
olih angrurungu maning
kang bisa gawe tatamba
adhapur uyah tarasi
embuh dhingan mbok lali

kaya hantu uwur-uwur
lawan bature ana
denwenehi jeruk tipis
hantu gedhog kalawan hantu sagara.

14. Panduka matur lingira
sumakean wong undhagi
utama saliring ganda
amuwus sri pramesyari
embuh-embuh dengamil
kaya kurang kang winuwus
alung si anakira
iki tambanana maning
iku tujukuwung dhingin terapena.

15. Iki lagi rada senggang
denurapi susu latri
ora pati anaragtag
ana ririhe sandhidhik
matur sang Mahadewi
inggih ta dhi dipun ipun
sakecane kang lara
gampil analini malih
banggih punika wonten karaos dhangan.

16. Sira iki kaya bocah
yen ana karasa maning
mbok kapanga wuda-wuda
sapa sira kaisini
mbesuk yen uwis laki
gampang giginau utun
mbok dhemen wong jatmika
Paduka lih ku sirangling
inggih ngga wong nastiti tutur tuturan.

17. Sigegen ing dalem pura
kocapa sanggrahan Keling
Ken Dewi Turidaningrat

arine sang adipati
ayu warnane kadi
sang Nilotama tumurun
gandhes pasemon gandhang
pasariranipun kuning
anoraken adining gambar lepiyan.

18. Parnahe ing lebet pisan
sang adipati kajawi
pedhek kalayan pasowan
trenggana ageng ingukir
sampun apantha puri
kados ing sasananipun
angangge sakarsa-karsa
wuwusen Kuda Panoli
sawiyose saking karaton Madhendha.

19. Anglunta ing pamondhokan
nira adipati Keling
Ken Dewi Turidaningrat
pinarah sadyaning galih
tan kangkat anaheni
benduning manah angawur
sawadosing angsala
amales mubaling galih
kalampahan rawuh dhateng pagulingan.

20. Ken Dewi Turidaningrat
kapanggih sampun aguling
anang kathil pasang papan
ingapit layan guguling
pawongane ageng alit
andher ing jogan aturu
saweneh magelaran
ing tundhan parekan cilik
padha kumpul saweneh adhedhesekan.

21. Sang maling raras wus prapta
anandhingi kang aguling
rinungrum ingaras-aras
ratu awungua gusti
kawulanira dyah ri
teka sapanen wong ayu
Dewi Turidaningrat
kagyat duk amyarsakken ling
ayun kesah astanira ginemelan.

22. Arep maring ngendi sira
ratu marenea dhingin
iku silih prandakara
wong pinarek anglungani
sadhela bae gusti
arep ana aturingsun
aja abangkal wara
pamali mbok ora laki
sarwi lininggihaken dhateng kosyapyan.

23. Angling Ken Turidaningrat
sira iki wong sing ngendi
sang maling raras angucap
dedewane si Panoli
bathara saking langit
marene arep angulun
dudunungan maring sira
si Panolih si-wis mati
endhase jeh den panjer anang dadalan.

24. Ratu kakangira uga
lamun wong jaba adhengki
beli dhing ora temenan
aja bendu iya gusti
mangsa anguler serit
wong atine mulus mujur
asawang Dhangbang Drona

sang dyah nulya amangsuli
idhih mulane mokonoh ujarira.

25. Isun milu-milu apa
karepe si kakang dhengki
aja dhureh-dhureh sanak
tabeate nunulari
Kuda Panolih angling
sarwi mitrane pinekul
manawa katularan
lakar bareng saking cili
tuwi si sadulur tunggal bapa biyang.

26. Sun alem betah rarasan
kakangira iku gusti
gunem saking sore mula
angrasani si Panolih
mburine sunadegi
parandene ora weruh
bature alenggutan
karipan tabet anggamil
nanging pantese marene kakangira.

27. Upama amenangana
sira lagi sunambungi
ratu padha babadhekan
kasarengen apa beli
sang dyah nulya mangsuli
pasthi bae lamon bendu
Kuda Panolih mojar
kalewihan angadoni
sumakeyan wong kang bisa barangasan.

28. Sarta mbrih wekasing sinjang
pangawasaning undhagi
gampil dhateng winangsulan
sang dyah atemahan kenging

kalurung ing mamanis
kena ing dhesthi pangaru
rasuking pangabaran
nira Undhakan Panolih
papatreme yen wis anang pagulingan.

29. Mawor lan aruming sekar
srebeding dupa samedi
resresing pamriyembada
lir amoring jungut singit
nayakaning amanis
murtining asmara lulut
langka ana anemba
sapapantaring linewih
kaungkulan ismuning sumbaganing rat.

30. Sang dyah pinangku ingaras
wis mindela aja nangis
wong ayu kawulanira
katrapa ing dhengdha pati
katur kasrah ing dasih
miyosing amurang bendu
dhuhung lungid konusa
kanggea ing anelasi
sawadosing lipur manahing bendara.

31. Amundhut wohing lalancang
sira Undhakan Panolih
mitrane linalariyan
nya nginanga ratu gusti
nanging ta aja gusti
manawi jambene talu
anggur kawulanira
ratu kang anginang dhingin
sun aturi sepah bae ya dunungan.

32. Danguning angudyasmara
Adipati Keling prapti

arsa langlang pagulingan
kandheg sajawining kori
watgataning katiling
wontena syaraning kakung
angling dhateng Kyan Rangga
paman den angati-ati
sampun weyah pakanira paman Rangga.

33. Umah kalebon durjana
coba pakanira intip
manawa ana ing natar
Kyang Rangga tumandang aglis
sampuning aningali
ing pantara sepi samun
matur ring gustinira
inggih boten aningali
banggih kambengan petenging wawayangan.

34. Paman pakanira ngucap
yen manira arep manjing
ing bocah kang tunggu lawang
Kyang Rangga amuwus aglis
sapa kang juru kunci
pangeran amundhut pintu
den gelis wenganana
pedhekan kang tunggu kori
pating karesuh kewedan manahira.

35. Matur ring Turidaningrat
angling Undhakan Panolih
iya teka wenganana
didimone sang manjing
amuwus sang lir sari
amekul madyaning kakung
mara sun malayua
mangko sira denpateni
si kakang uga wong sakti mahambara.

36. Angling nayakaning tilam
asiyunga tumbak keris
mangsa sun kawedenana
yen masih angrasa wani
nulya sang adipati
bendu anjejeki pintu
sigar amara lima
gopitaning trenggana lit
malebet sang adipati lan Kyang Rangga.

37. Sang maling raras tumedhak
sarwi dhuhunge winangking
lumaris amiyak gubah
amethuk sang adipati
gumujeng sarwi angling
sapa abane angamun
rarasan gumalanthang
kaya sasatowan Keling
sira uwis mider marang pupungkuran.

V. PANGKUR

1. Sang adipati miyarsa
cepeng karna anggregut sarya angling
apa camera ujarmu
nulya gepah narajang
Kuda Panolih indha angunus dhuhung
ramane gumembang-gembang
kadi wong ngabaksa Rangin.

2. Tinubruk nengen angiwa
susuduke angawur lir garigis
Adipati Keling muwus
heh sato dening edan
sunburu atar sunadegi anuduk

angajak atameng dhadha
amuwus Kuda Panolih.

3. Iya mara tekakena
srengenira ora sunkasinggahi
eman matiya wulangun
dipati satrunira
wus ala cabar wedi ing tatu lambung
koceman putri Madhendha
aduwe dasih jejeri.

4. Adipati Keling duka
gegecoke sapa si anjing baring
Kuda Panilih amuwus
putrane Sanghyang Wenang
Sarya alindhungan witing Nagasantun
cinegat-cegat lan pedhang
dening Adipati Keling.

5. Kyan Rangga angancang-ancang
boten purun pedhek kalayan maling
wantuning titiyang sepuh
ragi tuna paningal
ingangge kiteran dening sang abagus
Kyan Rangga tiba kajengkang
amuwus sang Adipati.

6. Lah si paman katarajang
lagi sewot paman manira iki
limut wis lali ing batur
pakanira suminggah
Kyan Rangga tangi nulya gepah malayu
kajrongkong anang jambangan
gumujeng Kuda Panolih.

7. Adipati lekas apa
lelewane teka angubat-abit
kaya wong wuru kucubung

Dipati Keling duka
aja mbabaung kapadhil asu buntung
angalesani si muyab
kurang ajar taioli.

8. jyalaning pedhang lumarap
aliwraning pantara kadi thathit
limpad solahing abagus
amantoni kadibyan
tan kewran ing papan angladeni musuh
lir sang Parta ing ngalaga
tandange Kuda Panolih.

9. Saking boten ingomberan
pangregira sang Adipati Keling
nunten kasusulan agung
mantri ponggawi Sabrang
gumeder tiyang Keling kang alok pandung
padaleman wis kederan
dening kawula abaris.

10. Kasesa bangun raina
dan angical sira Kuda Panolih
Adipati Keling mangu
langkung cuwa ing manah
maksih kinen angrarah banggi anglindhung
segut mantri kasabrangan
wuwusen mangko wus enjing.

11. Dipati Keling anabda
Paman pakanira kinen mepeki
sabature kang atugur
pacuwan lunga-lunga
ayun manira pariksa yen wis kaur
Kyan Rangga matur anembah
nun inggih sandika gusti.

12. Kadhuhung manira Paman
anggawa si Turidaningrat iki
wruha yen agawe napsu
boya manira gawa
benjang yen manira akengkenan mantuk
pakanira elingena
arep manira kon muli.

13. Boya sudi umbang-umbang
kudu masih enek teman kang ati
supaya manira emut
ing patitipe rama
jar denkasihi si mongkonthok puniku
lelewane angalunyat
agawe pangisin-isin.

14. Ana ing liyan nagara
sumanunuhi dhadhangklake Keling
amet kalakuwan bingsrung
atitiron wong dhayang
anampeki maring banyu kang aletuh
manira Paman kang ina
tiwasing kurang praniti.

15. Ilang jenenging prawira
aduwe sadulur karat lan maling
anggegedhegi tumuwuh
boya panten nguripan
wirang manira ing tatangga tut weruh
Kyan Rangga matur anembah
inggih boten maibeni.

16. Lan maning heran manira
sedheng suwe manira alok maling
si Gajah boya malebu
pijer apa urusan
kuping manira dhewek ingkang angrungu

rabine angatag lunga
prandene ora piduli.

17. Reke wedi ing drigama
angalathak paksa weruh ing elid
supaya manira uwus
rada kadadagingan
mesakaken ayun karoncod puniku
kapalang mbok gelis modar
didipune tutug dhingin.

18. Wonten panakawan prapta
mendhek matur ing Adipati Keling
pun uwa apatih rawuh
wonten ing wiyos pisan
kinen atinjo dening kangjeng sang prabu
ing sapamiyarsanira
sira Adipati Keling.

19. Enggal miyos maring jaba
amurugi sira Radyan Apatih
ingacantenan alungguh
dhateng pasowan tengah
ginelaran lante lan kelasa barus
prang wadani kakasuran
badhe Adipati Keling.

20. Kyan Patih wau duk prapta
kering ing ponggawi luulrah mantri
mangke sigegen rumuhun
wiyosing alalayan
nenggeh wonten malih paosing atutur
titiyang praja Mamenang
kakalih anem asigit.

21. Kartawara Kartasana
papaliyane masa karang Kadhiri
kalunta-lunta anusul

prapta maring Madhendha
wanci pecat sawet kalaning angrantun
ing kori sayana wetan
kasongan waru waringin.

22. Sakalih pareng tumingal
dhateng sekar kang awarni Panolih
nunten pinalayon gupuh
sarwi lara karuna
dhuh pangeranisun dening kawlas ayun
boten kawasa tumingal
titiyang sampeyan gusti.

23. Saderah pinara laksah
tan andipe yen jengandika gusti
kalampahaning kasambut
wonten ing saba paran
Pangeran kaula tumut bela lebur
sarwi pareng barekuhan
lir macan kenang piranti.

24. Dangu danguning karuna
kasalaton curigane dentarik
sakalih pisan angamuk
geger ing jawi kitha
sinenggeh tunggiling pandung wau dalu
jejel lulurung pabeyan
dadamel dhedhen akangsi.

25. Samya kasosog ing tumbak
nanging datan wonten amiyatani
wuwusen Tumenggung Alun
kang uninga ing bandar
angagem talempek jinejeran wargu
binalosongan kancana
pinecakan waos biring.

26. Lan piniwedrah sakawan
wasta Raksabeya Raksajaladri
Langlangarus Langlangtimur
kang kinen apariksa
pajar nenggeh tiyang Kadhiri puniku
lewih kadigjayanira
gagaman tan miyatani.

27. Titiyang maksih neneman
kasosog ing baris boten wigati
dening kalintang ing teguh
boten tetes ing braja
tebeng apagut kalih Ki Jagawuru
dugi kaula kacandhak
potusana nulya bali.

28. Matur sapariksanira
Kyang Tumenggung Alun anulya mijil
amiyak dadalem agung
kering ing waos kathah
pasanggrahan ing Keling mangke jinujug
prasita ing aseseban
nira Adipati Keling.

29. Kartawara Kartasana
kapareng ngarsane Dipati Keling
lagya pinariksa wau
Kyan Apatih angucap
yen sawawi kaula anuhun atur
leheng sampun pinejahan
kewala dhateng ing sakit.

30. Yen jejeging pangubayan
inggih yaktos leres katrap ing pati
ameng kaula nunuhun
palamarta sampeyan
kenging tan kenginga kaula mrih purun

kalangkung ing anenedha
angling Adipati Keling.

31. Lah inggih manira suka
nanging yen wenten pangucape malih
Uwa pakanira sanggup
nangga srengen manira
Rakyan Apatih amepes srarwi wuwus
nuhun kaula Pangeran
boten darbe atur kali.

32. Ing padhem gesang kaula
mugi katura ing jengandika gusti
Adipati Keling muwus
sok panakira gawa.
aja ta si Uwa Patih kang anjaluk
babathangmu sunrerencah
langar anggeger-gegeri.

33. Lan pakanira turena
Uwa sembah manira ing rama ji
manira langkung anuhun
ing panglayade rama
pan wasisan Uwa pakanira matur
dhateng rama sri nalendra
prakara bocah puniki.

34. Lan pakanira panjara
Uwa karo poma bocah puniki
Rakyan Patih aris matur
inggih dhateng sandika
kaula amit gusti sampeyan kantun
nulya kondur sing ngajengan
sisinome denwaoni.

VI. SINOM.

1. Lingsir mangke kawarnaa
paosing amangun gurit
sira Undhakan Pamekas
kang ana ing Argarasmi
sapisahe kang rayi
tambuh enggening angrantun
dhateng kalunta-lunta
anut saimbanging ukir
panakawan kakalih kang atut wuntat.

2. Pun Gontang pun Sangulara
uni kapethuk ing margi
kalayan Kuda Pamekas
milane asareng malih
nanging Kuda Panolih
dereng kantenan nggenipun
wau sawiyosira
saking padaleman Keling
maksih anglampahaken ing pangawasa.

3. Saking kang raka Pamekas
aji tedhak sujana di
milaning boten angrusak
dhateng Undhakan Panolih
yen kongsiya atebi
kang raka layak anusul
supantening prayatna
rumihin dipun calangi
sampun angraos yen amanggih durgama.

4. Sira Undhakan Pamekas
saking terahing dewadi
milaning boten aulap
reremene saking alit
yen kawekan ing wisthi.

dadya suka bungahipun
nanging Kuda Pamekas
kala ing mangsa puniki
wonten ragi manahe kirang pracaya.

5. Saking sangeting angema
dhateng Undhakan Panolih
manawi boten kambengan
dening pangliputing aji
tansah ing maras membir
sagenah-genahe ngungun
pangudyasmaranira
iya telungane becik
mbok ta isun ora anedhaki rama.

6. Mangke Undhakan Pamekas
wonten saandhaping ukir
pedhek kalayan patapan
nira Ajar Argarasmi
sae jembar aradin
anggenggeng banjaranipun
sagunging sesekaran
andong ijo kajeng puring
binanjengaken satepining sopana.

7. Margi kang dhateng Pakundhan
ing wurine sinalisir
pucang kalayan tirisan
genjah lagya sedheng mohi
atub kengser ing siti
muwah gunging tanem tuwuh
sumunu ing witira
pisang usuk raja gadhing
kang tinanem pedhek lan ajeng-ajengan.

8. Awatawis tigang nambang
ampelem dhuku lan manggis
mungguh sawingkinging guwa

asri kederan ing kali
sinungan lunjuk alit
angungang tepining ranu
parantos kala-kala
yen sampun muja samedi
yen karaos ongkeb anulya asiram.

9. Asrining Made Pakundhan
kederan ing sekar wangi
angunggul kadya gopura
kajeng iwu ragasari
yen kalaning togari
sekare kaslehan tangsu
melok-melok gumawang
sakalangkung ing awarni
kadya wadananing dyah amajang wulan.

10. Kalayan anjrahing sekar
gambir ergulo malathi
angsaka lawan campaka
tanjung tayuman kamuning
mawur kadresan angin
mlek gandaning sekar gadhung
lan pudhaking cindhaga
mbabar gandanya mrik minging
ora iwang lawan kang duwe patapan.

11. Gempung kasutapanira
bagus sarira akuning
remane lemes apanjang
lir sang Wiku Wintaragi
kalaning mangun teki
amarganani ing gunung
awasta Indralaya
milane kadhapur malih
amaosaken luntaning anenerat.

12. Kang amangun kasutapan

amindha ajar wawasi
putrane sang Panambangan
satriya saking Kadhiri
mila atilar puri
angilari warginipun
sira Kuda Pamekas
kalayan Kuda Panolih
sampun angsal kalih naun kesahira.

13. Paosing atutur mila
wuwusen ingkang kasesi
pun Gontang pun Sangulara
boten kawawi angelih
awad kesah ing kali
wau dhateng gustinipun
minggah ababariman
dhateng Ukir Argarasmi
amalampah sekul kalih papanganan.

14. Rupane kaya wong edan
bebede pating salewir
rontang-ranting dening carang
kaya gugubah awiring
rambute ting karewil
gigir raraine balur
labete kudhangsangan
gugulungan ngeri-eri
kadiparan dadi kasukaning dhangdhang.

15. Padha anang palesungan
Ki Lusuh bari anangis
andilati tapak mendhang
pun Tandhan amuwus aris
dhih teka kaya anjing
malad-meled saking mau
ilate bari abang
jiring mangan godhong jati

mengeh-mengeh kaya asu mentas cakal.

16. Pun Gontang pamuwusira
gendhengira durung mari
lukake kagawa-gawa
tur wis dadi kunyuk gering
awake ting palenthing
iku jeh gadhanging budhug
mbesuke garegelan
jenthikira padha pethil
nuli mabur anjalma dadi kukunang.

17. Wonten nini-nini prapta
bungkas bocah apa iki
rupane kaya siluman
sira dudu setan belis
mbok rewanging buncari
sira iki baya dudu
pun Gontang saurira
kaula tiyang kasesi
sampun boten darbe sanak wong atuwa.

18. Apa si panedyanira
sira anang kene iki
anggepor ring palesungan
pun Gontang sumaur aris
inggih kaula Nyai
ajeng amalampah sekul
wadhang wadhang lumayan
sok sampun tabeting kucing
babarangan upah upaning kukusan.

19. Kaula sampun anedha
wau boten dipunsungi
dipungebug lan tatampah
bari denwuri wedhi
pun Sangulara angling
bobabe iku anglantur

dheweke kakang angrunjang
wakule kongsi kabanting
ingkang duwe maningan kongsi karangkang.

20. Bari wong parangen tuwa
ora pati lalawani
pun Gontang aris angucap
edan angisin-isini
ora si denupahi
galabyang kinira tumpur
kudu asasawitan
embuh embuh kang dengamil
arep aweh wurung dening bacotira.

21. Pun Gontang anulya kesah
kadhadhang wana ngulati
sekul kalayan tetedhan
wau nunten aningali
ampelem sandhing margi
mateng mateng bari atub
wohe kengser ing lemah
aglis pinenek tumuli
lelewane karo padha girang-girang.

22. Pun Gontang asusulukan
seru sarya njerit-jerit
amuwus dhateng pun Wandhan
sungondhol enggo kiyai
iki ampelem cengkir
kasaptane gustinisun
mangko yen isun teka
ambrih aja denumbangi
bari amamangan anang dhudhuhuran.

23. Tur sarwi angura-ura
lagune Sinom sisilir
Sangulara ika apa
ing bung wetan kuning kuning

nanging ta cilik cilik
teka gegel atinisun
maring kiyai ika
sabab kang denkasaptani
iya iku pelem urang munang munang.

24. Nunten angalih mangetan
amemenek rebut dhingin
euwiting ampelem urang
ingkang sami denkembari
pun Sangulara angling
uwis payu padha mudhun
mbok kita kawenangan
isun ta jing andhing wedi
mangan sapala sapira mangko lara.

25. Ika silih pirang-pirang
gedhang padha kuning kuning
pun Gontang anulya enggal
pisang dipunpalajengi
pun Sangulara angling
sun si ora milu-milu
laku sakarepira
datan dangu nulya prapti
ingkang apalinggih ing ukir pasunyan.

26. Cantrik puputhut angucap
sira iki bocah endi
wani amanek larangan
wong amarani balai
angling sang apalinggih
aja gah mangko lumayu
arep tinatakonan
teka sira wewedeni
ora bayane bocah padha mrenea.

27. Aja maras atinira
sira ora sunumbangi

atakon bae sadhela
mangko mamanek maning
sarwi dipunpurugi
pun Sangulara angulung
nangis kalara-lara
pun Gontang kang dendhupaki
kakandhutane ampelem padha ilang.

28. Manahe sang Indralaya
enget enget datan lali
yen punika panakawan
ne sang Undhakan Panolih
amung kang ragi pangling
saking kuru bari luhur
tatkalaning binakta
sangiwen dening kang rayi
maksih alit mangke sedhenging diwasa.

29. Bocah endi asalira
lan sira duwe kiyai
pun Wandhan matur anembah
adarbe kaula gusti
sang Undhakan Panolih
nanging mangke sampun lampus
sangiwen pinejahan
dening buminata Keling
ingapusan pinotus ing pabedhagan.

30. Adarbe sadherek misan
rencange sabaya pati
wasta pun Kuda Pamekas
ingkang kaula tut wingking
puniki layak maksih
wonten ing panggenanipun
lagi kaula tilar
kantun alinggih pribadi
ing sandhaping kajeng pule lan lamaran.

31. Amuwus kang apratapa
adhuh adhinisun gusti
si kakang pan nora nyana
sedeasah angin-angin
yen ketemu tumuli
saiki lan adhinisun
Wandhan sira milua
tuduhena ambung ngendi
nulya kesah kang tumut samya kasmaran.

VII. ASMARADANA

1. Angungun linggih pribadi
sira Undhakan Pamekas
wonten susuku bang kilen
angajengaken pranatya
asri langen araras
kayengan ing petung rumung
wadhas pandhes kumalasa.

2. Sela geng agung tumawing
katuwuhan tarna lata
saking ngaluhur wijile
wenya dres pindha parangan
sinungsung dening mina
ataganggeng lumut-lumut
pasenetaning mangkara.

3. Pring wulung tambelang gadhing
kasongan ing wruh mangungang
sedheng mingis calumpringe
lir satriya sakembaran
srining pita lan kresna
kadya langkeping apuput
tuwang lamon apisaha.

4. Syaraning dhangdhang angalik
mencok ing panging lamaran
tunggal ora na bature
lir sasambating karuna
manahe sayan ketang
tresna tan pegat ing kalbu
sambating pangudyasmara.

5. Embeh pamreging awingit
anon pringganing acala
kengetan dhateng arine
kalaning asasarengan
duk anang pabedhagan
raryan saandhaping wungu
lantaraning apipisah.

6. Amung Undhakan Panolih
dados sadarganing manah
meh kalindhih paningale
ingkang maring abathara
saking sangeting tresna
ciptane kang lyan kabawur
kawibuwan ing bancana.

7. Dadya siptaning akingkin
gusti atine si kakang
yen ta aweta mangkene
apipisah lawan sira
kaya mangsa wurunga
awekasaning ngalantur
ana ing saparan-paran.

8. Ingsun ingkang ora bangkit
gusti yen kangen ing sira
kongsi kaya wong angameh
ing ati sejen pangrasa
dalah ora kelingan

yen uwis papastheningsun
lara marga saking sira.

9. Karasa yen kawlas asih
sira Undhakan Pamekas
wuwuh kaguguh manahe
maring rama ibunira
ingkang sampun atilar
saking pambrihing anglalu
suka enggal binanjutan.

10. Wau angsal kawan warsi
tinilar ing yaya rena
wondening mangke kang angreh
purantara ing Janggala
kaparnah rama paman
anggentosi dados ratu
putra ing Karetegsela.

11. Resi Indralaya prapti
wau sareng ing tumingal
gepeh rinangkul arine
ingaras sarwi karuna
sira Kuda Pamekas
sumungkem anulya kantu
ing kesyapyane kang raka.

12. Puthut lajuguntung cantrik
kapilu tumut karuna
awlas dhateng kiyaine
pun Gontang pun Sangulara
samya guguluntungan
sasambate amlas ayun
densambungi wawangsalan.

13. Pulut pentil watu laki
boten betah apipisah
pun Wandhan lawan gustine

mengkin dados tiyang wukan
iloka babariman
pun Gontang sumambung tembung
lukak aja lok sasambat.

14. Wau kang kantu anglilir
pupungun angusap waspa
sang Indralaya wuwuse
aja dika gagas-gagas
wis parentahing dewa
anyar katone tinemu
kita darma lumaksana.

15. Nunten binakta lumaris
minggah ing sanggar Pakundhan
sarwi kinanthi arine
sinawalan ing pamarah
pinrih sampun anglunta
ing manah kandheh kaliput
ambrih dalaning lipura.

16. Salunging wowohan anggrit
lir segeh kang nembe prapta
runtu saking gantilane
aglar dhawuh ing buntala
kadresan ing siliran
muwah kusuma kang kudhup
babar anduk angalayah.

17. Adarbe sadherek istri
sira Wasi Indralaya
ayu amanis warnane
awasta Ratna Turida
tumut angindhang-indhang
sadherek sarama ibu
milaning purun ambakta.

18. Nanging atinisun sedhih

supaya dening kapaksa
wedi mbok papali bae
langgana maring wong tuwa
angling sang Indralaya
la iki bocah amberung
anglirwaken ing pamarah.

19. Mangsa ambrih ing tan ẏukti
pakoningsun maring sira
guguron wangkot atine
ora angidhep ing ujar
sira Ratna Turida
tumandang sarwi angambul
sekare karo denbuwang.

20. Kamanisen aningali
sira Undhakan Pamekas
minge anamur eseme
sang dyah angaras sampeyan
nira Kuda Pamekas
boten kagepok ing eruh
kaling-kalingan ing asta.

21. Kang raka amuwus aris
iku sih lelewanira
esak dening lewih aeng
kaya ta lah isun bocah
wis age mareneya
sang dya mindel tan sumaur
nunten kesah ing pawesman.

22. Wasi Indralaya angling
dhateng Undhakan Pamekas
sarwi dencekel astane
leheng sami ing ngarika
wenten nggening adhahar
dan miyos sing sanggar agung
wuwusen pasegahira.

23. Puthut Lajuguntung catrik
samya anampa lampadan
sekul ulam lan toyane
awadhah bokor tambaga
wus prapta ing ngajengan
sang Indralaya amuwus
catrik undangen si rara.

24. Sun ekon anglalayani
poma aja ora teka
kalawan bocah-bocahe
pun puthut anulya kesah
tan kawarna ing marga
aglis prapta awotsantun
dhateng pun Indhang Sumarsa.

25. Layan pun Indhang Warsiki
wondening rayi andika
boten katuran ing mangke
anenggeh yen arsa siram
yen sampun apalastha
pangandikanipun rawuh
boten ngantos ingaturan.

26. Nunten pun Indhang Warsiki
ambeng-ambeng ing ngajengan
sampuning palastha kabeh
sira Undhakan Pamekas
nulya ingacantenan
sarwi ingaturan banyu
sarwi awiwijik asta.

27. Adan adhahar sakali
tan adangu sinapunan
wus ingurudan ambenge
sang apratapa lingira
bocah kang roro ika

padha wenehana sekul
pacuwan kurang amangan.

28. Pun Sumarsa matur inggih
anunten gepeh sinungan
pun Gontang aris wuwuse
nyai nedha jajanganan
kang densambeli sahang
pun Indhang Sumarsa muwus
apa si kabelanira.

29. Sok pilihen sapa penging
la kuh ana ing dhudhulang
bari juputen iwake
maning mbokmanawa kurang
pun Wandhan aris mojar
dheh Gontang isun anjaluk
mau ingkang sira pangan.

30. Pun Gontang asru nauri
aja sok kakehan ayam
embok mudhal karemine
sapa si kang nyuwuk sira
mengko yen sira lara
anaa dhudhukun gunung
mangsa gelem denrasaya.

31. Wasi Indralaya angling
dhateng pun Indhang Sumarsa
gustinira kon marene
bari jalukena gantal
pun indhang nunten kesah
matur dhateng gustinipun
kapanggih agugulingan.

32. Anulya matur wotsari
ratu sampeyan katuran
layan jengandika kinen

andamelaken ing gantal
ijengandika bakta
Ratna Turida amuwus
iya teka gawekena.

33. Aja nganti isun maning
pon sabane iya sira
kudu nganyari babanggen
pun Indhang Kasmaran ngucap
jing kinen jengandika
amuwus ratnaning ayu
dhateng pun Indhang Kasmaran.

34. Sok ambila jambe dhingin
ingkang parantine saban
jambe wiwikasaptane
pun Indhang anunten kesah
anguwuh panakawan
pun Catrik nunten bineluk
kapanggih asusulukan.

35. Lukak mareneya dhingin
enak temen atinira
aja pijer angerewek
angrasani apa sira
gendheng age mreneya
pun puthut nunten sumaur
idhi Nyi Indhang Kasmaran.

36. Teka angujar-ujari
maring wong kang tanpa dosa
bulatalah wis maune
isun kang ora tumandang
pantes kang ingumbangan
la iku wong embuh-embuh
pun Indhang Kasmaran nyentak.

37. Yen rarasan andremimil

lakar ora gelem kalah
age angundhuwa jambe
kang parantinira saban
pun Catrik adan kesah
boten dangu enggal mudhun
angundhuh angsal samayang.

38. Nunten sinungaken aglis
dhateng pun Indhang Kasmaran
tinampenan tan asuwe
enggal prapta ing ngajengan
katur ring gustinira
amuwus aris sang ayu
dhateng pun Indhang Kasmaran.

39. Aja ararasan maning
iya esok parisana
isun kari gawe bae
kasesah kang raka prapta
angling ing arinira
dening pirang-pirang windu
sira yen jinajalukan.

40. Arine sendhuh mangsuli
kulepun kengken ing kula
kang raka aris wuwuse
isun heran dening sira
kaya maring wong liyan
mung sira sadulurisun
maring sira amarentah.

41. Iya si ming sapa maning
enggonisun aparentah
ya amung kala samene
mungpung masih padha bujang
yen uwis umatangga
lakinira kang ngadhupung
mangsa kena rinasaya.

42. Mangsa ambrih ing tan yukti
parentahisun ming sira
ya mung saking tambelare
lumuh kinadingaleman
lan ora nana liyan
sadulur sarama ibu
rara iya amung sira.

43. Aja sok putungan ati
pamali lan ora esak
pamurukingsun sakehe
aja dentampani ala
muga idhepang ujar
rara gusti adhinisun
reh kita iki wis lola.

44. Lan muga gelis alaki
samedanira dentuta
ambrih aja katuwone
sapa baya ingkang welas
yen ora nut ing kaka
lan maning pamurukisun
poma sira kang banteran.

45. Iku madhahana manggis
kakangira aterana
temene dudu wong sejen
kakangira Ki Pamekas
mbok durung pati atrah
estu dudu bocah gunung
iku sanak mimisanan.

46. Nunten nimbali ming cethi
Indhang Kasmaran mreneya
iku wadhahana bokor
dhukuhe kalawan salak
kang kinen nunten enggal
aterenang adhinisun

warahen saking si rara.

47. Kang rayi amuwus aris
mbok sampun awad-awadan
Wasindralaya wuwuse
ora nut ujaring kakang
mangsa mambrih ing ala
sira rara adhinisun
ingkang eling maring sanak.

48. Wau kang ingutus prapti
mendhek ing ngarsa anembah
sampun katur sadayane
ature rayi sampaeyan
ing wilasah sampeyan
inggih kalangkung kasuhun
kapetek dhateng mastaka.

49. Kalayan dhateng kang rayi
nenggeh kalintang ing nedha
lan punika pakintune
paksi kitiran sapasang
nanging ragi neneman
sumapanten sakalangkung
supados gegel ing manah.

50. Wasi Indralaya angling
la kuh maningan denpulang
bari ta katon gegele
parandene lelengusan
ora arep mong sanak
wis palakaran wong kumul
ora ginau bantaran.

51. Sira uga lagi cilik
bangiwen sering denemban
teka mangko pamalese
katemu ing saba paran

lengus kabina-bina
manda jumenenga ratu
yen ora sumakeyana.

52. Kang rayi sendhuh mangsuli
bagen temen sok uripa
jing pandumane samene
wite kula ajeng jembar
angling sang Indralaya
ora arep giginau
ngediraken ora bisa.

53. Dangu pagujengan angling
sira Wasi Indralaya
ambeda dhateng arine
rinerepa ing pamajar
pinrih egaring manah
kang rayi natyane rengu
tumungkul ngusapi waspa.

54. Aja si toli anangis
iya lah kuh isun lunga
tumedhak aris lampahe
lunta dhateng panataran
murugi arinira
kang rayi kapanggih ngungun
kengetan ning arinira.

55. Meheng Undhakan Panolih
dados sadarganing manah
langkung onenge manahe
meh tan kenging sinawalan
sang Indralaya prapta
Kudha Pamekas tumurun
kang raka sru anyengkah.

56. Sampuning satata linggih
nunten sami gugulingan

wantu kasamen onenge
sira Wasi Indralaya
kamanisen tumingal
ing warnane sang abagus
gegel dhateng arinira.

57. Sigegen ing Argarasmi
Kudha Panolih kocapa
akeh weweh sudirane
rare bagus andewana
sugrih ingkang kapapag
rangdha wulanjar kalurung
parawan lan tatambangan.

58. Kang pinaran ing akingkin
ing nguni duk ing sopana
dalasan uwis ariren
tinunggenan ing wanudya
sapalih atut wuntat
saparane kang anglangut
gegendhongane dentilar.

59. Tan open wong kandhag kampir
ingkang sangiwen uninga
maksih pangger pamuwuse
wiyosing pangalembana
kasampar ing pangucap
dadi ksambating kasandhung
dening wong Paraja Madhendha.

60. Nanging samangke kasilir
saking sadaleming kitha
wonten ing tepis wiringe
dhusun kang tebah nagara
pedhek lan pawatesan
ing dhusun panembing kidul
lalampahan kawan dina.

61. Saking Wukir Argarasmi
lampah boten angrerembat
enggal-enggalan lampahe
wasta dhusun Telukmina
mangke kang jinenekan
dening murtining abagus
dados rare katalayah.

62. Sira Undhakan Panolih
angulari ingkang raka
milaning tebah lampahe
kalintang saking patapan
miyos angidul ngetan
saking tambuh raosipun
ambrih enggal pinanggiya.

63. Sang anjajah adrapati
aneng dhusun Telukmina
anger maring alambange
sampun angsal tigang dina
umbul ing Telukmina
lagya'aken nutu nutu
pan ajeng angolah karya.

64. Putrane estri satunggil
wasta Nyi Wadon Asmara
ayu sarirane jene
yen ugi ing Telukmina
anaking bebekelan
boten wonten saminipun
dhateng Nyi Wadon asmara.

65. Kantun kalih dinten malih
panggihe atmajanira
wondening gadhang mantune
sutane ngabeinira
boten ala lawanan

saking karana pamupu
nira Umbul Telukmina.

66. Gadhang mantune prayogi
awasta Candrataruna
cemeng wadhag sarirane
remane akas apanjang
rada semu ndaladap
wijange ringkus kalungsur
tenggeke ragi kadawan.

67. Nanging kang ajeng alaki
sira Nyi Wadon Asmara
sapinten lamine mangke
awis adhahar anendra
saking manah langgana
yen den ken wedhak apupur
lumuh dhawah akaruna.

68. Sira Undhakan Panolih
sok kadurup ing gamelan
awis mantuk ing pondhoke
titiyang sa-Telukmina
intrihne sami goyang
tansah garabyag-garubyug
kadya wong anongton wayang.

69. Ken Wadon Asmara uning
ing warnine kang amoyang
milane sanget mingkunge
dhateng babakalanira
dening langkung salaya
lan warnane sang abagus
kadi siti lan akasa.

70. Kang winigena ing istri
pinten lamining mrajaka
tansah nggungaken papaes

datan tewang asesekar
amewehi kendahan
ing warna wenes abagus
kadya putra ing Ngastina.

71. Sampun ta titiyang ukir
yen botena kaedanan
angingali suwarnane
langkung pundi ing nagara
milane kalampahan
asaba karaton agung
inggih dening pinilala.

72. Sira Undhakan Panolih
yen ugi kamsih agesang
sengka icala adhine
anaa pugasing jagad
yen sareng lan titiyang
mangsa wandea denaruh
jar wong pangawak kancana.

73. Kang andulu padha asih
lamon kala ing pajengan
sarah suruh lan sekare
lelet gantal lan woh pandhan
pasungsunging wanodya
tan tewang sadintenipun
burat arum dhadhaharan.

74. Lumintu ambanyu mili
dalah tuwuk kang kanggenan
ora tuku suru jambe
sajege duwe orajaka
larang kaya dagangan
denpapah ugi anganggur
nyulatah denladenana.

75. Mung pasabane yen bengi

anurupi tatabuhan
awor lawan nayagane
parandene denupaya
manda ambupatiya
sikepe kang ora lengus
pantes amawa bangenan.

76. Syaraning gamelan atrih
dereng lami linekasan
angsal pitung dinten mangke
kathahipun gangsal rancak
ingkang wau tinembang
wiyose pupuh Megatruh
apan dereng sinampunan.

VIII. MEGATRUH

1. Sira Umbul Telukmina kang winuwus
nguni samya anggosthi
layan gadhang besanipun
wonten ing wijil ping kali
amincantenaken kados.

2. Tigang dasa badhe papatisanipun
maisa kalayan sapi
sawung kabiri rongatus
pabuwuhing umbul sami
tembaking made golodhog.

3. Kyan Ngabei aris denira amuwus
kiyai yen asawawi
kaula aturi mundur
leheng ing Raspati benjing
banggih katumpuh kemawon.

4. Lakar ondhan prandene ing temahipun
pan inggih kaseseh ugi

lawering titiyang dhusun
saleder pra nambut kardi
ingkang liningan lingnya lon.

5. Sabecike yen kira-kira katumpuh
iya ingunduran maning
sumadi kasusu buruk
Rakyan Angabei angling
inggih ta leres kemawon.

6. Anunten Bagus Cadrataruna rawuh
ndhesek-ndhesek abibisik
taken maring ramanipun
tulus ing dinten punapi
ramane sumaur alon.

7. Isun angaturi ing Raspati mbesuk
pangandikane kiyai
anut sapanedhanisun
putrane sumaur idhih
lebar metu sayan adoh.

8. Kulepun andika angaturi mundur
angantos punapa malih
pon sadaya sampun rawuh
anentak Rakyan Ngabei
aja babatung ing kono.

9. Umbul Telukmina aris dennya muwus
dhateng sira Kyan Ngabei
apa ujare ki mantu
kang tinanya anyauri
atakon tulusing kardos.

10. Sok ambodhokaken dhateng tiyang sepuh
Umbul Telukmina angling
ya ta kapengen angrungu
maningan warta kang pasthi

bongganing kang umbang ing wong.

11. Aja dadi bilatampane ki mantu
prakara ing gawe iki
gingsir karana katumpuh
yen ora na mbengan maning
masa wurunga kalakon.

12. Pira kadar kalangan dina pipitu
Rakyan Ngabei mangsuli
inggih mangsa boten tulus
supanten kang andramimil
kedheh galacah-golocoh.

13. Anggur si angope-openi kang batur
sumadi marene iki
katungkul ati gumagus
pijer pudhagdhag-pudhigdhig
atitiron wong kang ejos.

14. Dudu mangsane agiginau mungguh
yen kala mangkene iki
gaweyan masih angumbuk
tunang apap tunang buri
ora nana kang kinongkon.

15. Yen rinasanan idhep kala angrungu
ora suwe kawur maning
ujar kagawa ing lisus
baya apa sira iki
duwe wawatek mangkono.

16. Sedheng sedheng pakelinge atunisun
ing sira amamarahi
nanging ora sira turut
anganti badhene kongsi
suntibani ujar sosot.

17. Lewih saking badher kupingira iku
Umbul Telukmina angling
iki si wong embuh-embuh
kulehe sira umbangi
maningan wong atatakon.

18. Alung andhodhoka ing kene ki mantu
kang kinen anulya ngalih
saking enggene alungguh
sira Angabei angling
leheng kinen nambut kardos.

19. Yen den ken punika mindel kajengipun
pun mBul Telukmina angling
mangsa tumuliya wudhu
pira gawening wong siji
dimon ing kene andhodhok.

20. Boten dangu nulya Ki Ngalambang rawuh
kalayan Kudha Panolih
wus ingacaran alungguh
Umbul Telukmina angling
lah ki anak wonten kardos.

21. Kudha Panolih aris denira muwus
paman boya wonten kardi
manira kaliyanipun
mengayun anglaladosi
punika manawi kanggo.

22. Umbul Telukmina aris dennya muwus
mbuh dening kagengan kardi
Kudha Panolih amuwus
mesem lathine amanis
kulepun kagengan kardos.

23. Bagus Candrataruna sareng andulu
dhateng Undhakan Panolih

ambaco bari marengut
mungkur calemal-calemik
tansah palarak-palorok.

24. Kudha Panolih mesem sarwi amuwus
kang bagus anggur ngariki
asasarengan alungguh
pedhek kalayan pun adhi
eca sami apaguyon.

25. Kang bagus panganten si kulepun lengus
kula boten denwawuhi
Candrataruna amuwus
dheh lagi eca ngariki
mangsa binaa andhodhok.

26. Lah pakanira mucang ki anak bagus
wau kang denacanteni
karsa dhahar ewoh sampun
Umbul Telukmina angling
dhateng pawongane alon.

27. Maranaa sira maring anakisun
manawi aduwe maning
dhukuh kang bature mau
konen madhahi kang becik
adan mangkat kang kinongkon.

28. Tan kawarna ing lampahe enggal rawuh
ingaturaken tumuli
dhukuh dhateng gustinipun
rencange kedah kekalih
sami ingisenan lempog.

29. Nunten ingaturaken ing sang abagus
ki anak Kuda Panolih
pakanira dhahar dhuku
kalayan punika malih
nenggeh wicantene lempog.

30. Ata wikana ta ing raosipun
wantuning titiyang ukir
Kuda Panolih amuwus
aris denira mangsuli
punapa bentening raos.

31. Kang bagus punika dhadhaharan katur
si kakang mendhet karihin
Candrataruna anjuput
dhukuh dipunpara kalih
lawan kedane saparo.

32. Gadhang maratuwane langkung anjelu
manahira aningali
ing pangeka ciptanipun
lah iki bocah sabagi
dene ora weruh ngewong.

33. Mau durung suwe amangan lan isun
dhuku rong wayut baresih
isun mung mangan sapulu
iya dening sun kawruhi
aja kalakon mangkono.

34. Kuda Panolih eseme pan densamur
boten kangkat angampohi
ing gujenge manahipun
taha dhateng Kyan Ngabei
banggih manahe angartos.

35. Kang bagus punika dhukuh maksih agung
nunten dipunjuput malih
denkarekaken tetelu
ing bokor kang cilik-cilik
dhangkal bari padha bosok.

36. Nunten kesah kaburu ajeng angentut
wasana merejel dhingin

ambune ala kadhawung
mentas agagadho jering
denjablam lan sambel laos.

37. Gumujeng sang Kuda Panolih tumungkul
wadanane dentutupi
lan usap astaning dhuhung
api-api anguculi
karinget bari denkosok.

38. Dening ongkeb temen maring awak sumuk
pantes arep udan maning
paman manira yun adus
mengkin gah mariki malih
nunten jengkar saking enggon.

39. Dumadakan sutane Ngalambang rawuh
kapethuk lagya lumaris
Kuda Panolih amuwus
kacung mareneya dhinging
ramanira anang jero.

40. Anggur miluwa ming isun padha adus
nanging ta muliha dhingin
dodot lan bebenting isun
kacung juputen tumuli
iya dhisika kakongkon.

41. Isun lunga dhingin marana ming etuk
sira ora sun anteni
sumusula bae kacung
kang liningan matur inggih
nanging sampun adoh-adoh.

42. Punika basaos ing pancuran kidul
amuwus Kuda Panolih
yajan isun ora weruh
padusan kang liyan maning

ya amung pancuran kono.

43. Nunten kesah Kuda Panolih mengidul
anake Ngalambang mulih
anjujug ing pondhokipun
sira Undhakan Panolih
anguwuh bari tatakon.

44. Embok wonten pundi dodote kang bagus
lawan paningsete malih
manira diken anjupuk
Nyi Lambang sumaur aris
sumampir ing ambung kulon.

45. Boten uninga mbokmanawi kaliru
anggur si embok mariki
aglis Nyi Ngalambang dhawuh
cabar temen bocak iki
la ku uwis age mantog.

46. Nulya kesah tumutur ring sang abagus
sarta solendhang bebenting
lan kampuh jingga mas murub
amandhi lisah lan suri
bari denwadhahi bokor.

47. Wismane Umbul Telukmina winuwus
titiyang anambut kardi
wonten ing pandhapa kidul
angudhek dodol lan wajik
waneh kang akardos lempog.

48. Kang sawahen nyelep aning setlan kampu
pan badhe inggahing kardi
solahe pating sarikut
kang sami anglaladeni
ana kang angentas dodol.

49. Nyi Umbul Telukmina lagya alungguh

ing wesma anjejenengi
titiyang amajeg susun
lan anrapaken guguling
kantun pasang papan kulon.

50. Kang dereng dentrapi sapariginipun
Nyi Umbul amuwus aris
bocah undangen si ayu
nunten miyang kang tinuding
tumulya malebet ing jro.

51. Nyi gadhang panganten kapanggih alungguh
layan cethine kakalih
akampuh tetepen gadhung
sinjange limar gayanti
bari alalarik ijo.

52. Asengkang lorong gilap anyar sinepuh
mrengesing lathi amanis
pandrawelaning cecenthung
boten aseserat malih
remane lemes aijo.

53. Potusan saking jawi anembah matur
andika dipunaturi
pun embok wewelingipun
wau sampun boten kering
sang ayu amuwus alon.

54. Matura ing si embok lagi angelu
isun saking mau bengi
dalah ora olih turu
nulya amit kang tinuding
kondur sing ngajengan miyos.

55. Wadon Asmara angling ing cethinipun
awasta pun Bisametsih
kalayan pun Tunjungtutur

mau sapa amenangi
lagi ki rama nangkono.

56. Sapa bature maning padha alungguh
sejen saking Mas Ngabei
mau kang anjaluk dhukuh
lali ora suntakoni
cethine sumaur alon.

57. Punika titiyang kang warnine bagus
supe wastanipun malih
bari ta mentas alulur
kadosta ratuning ejin
sekaripun puspa lembong.

58. Akampuh tumpal radi atengah paul
lancingane cindhe abrit
pinaraos tigasipun
paningsetipun garingsing
dhuh teka dhemen anonton.

59. Gadhang rakandika inggih sami lungguh
dening kampuhipun cangkring
paningsete galar konus
malang kerik malang-miling
ajamang kabero-bero.

60. Warnine si enggih kasasarna temu
kados lele denkuniri
wadana labeting pupur
angrempugira baresih
miyos maksih cecelepot.

61. Sekare baros densawung lan rambuyut
marongos tabet mamangsi
boten denkosok rumuhun
Nyi Wadon Asmara angling
embuh-embuh kang denomong.

62. Isun ta ora tatakon ing wong iku
karepe sapa kang penging
bagen malocot apupur
boroken labet susumping
kupinge endah ing kono.

63. Mimiluwan kaya wong bagus malulu
nyanane sun kadhemeni
lan ta gasane ming isun
sumarwoh abasa adhi
iku pangrasane ejos.

64. Delap ora mati denpangan ing hantu
cethine amuwus aris
maksih paos mumuripun
mangsa kenginga tinarik
sang rara sumaur alon.

65. Pacuwan sira aja atutur-tutur
poma ing paman Ngabei
saban tolih awawadul
lakar ki rama wong asih
saujare iku karo.

66. Henengena wau kang imbalan wuwus
Wadon Asmara lan cethi
danguning samya gumuyu
cethine ambelik-belik
manahe sami kalucon.

67. Kawuwusan anake Ngalambang wau
kapethuk wonten ing margi
nenggeh layan sang abagus
kampuh sinungaken aglis
nunten tinampenan alon.

68. Kuda Panolih aris denira muwus
kacung aturena iki

maring sang murtnining ayu
bari konen amangsuli
yen ora kono katuwon.

69. Pun kakang kono gegele sakalangkung
angsale menek pribadi
pratandhaning arah ngulun
dhateng kusuma kang adi
punika walangsang roro.

70. Nunten kesah sampuning wineling tutug
enggal malebet tumuli
lampahe sigrah tur lucu
pantes yen alampah sandi
dening tan ana tatakon.

71. Dan kapanggih kalayan sang srining ayu
mendhek ing ngarsa wotsari
Wadon Asmara amuwus
bageya wong mutisari
dening talah tembe katon.

72. Sakalangkung nuhun duka kakang ayu
kula dikengken puniki
inggih dening kakang bagus
punika kakang tampeni
sekar winalangsang roro.

73. Kalayan seratipun kakalih katur
bari kinen amangsuli
welinge pun kakang wau
yen botena denwangsuli
nenggah pun kakang katuwon.

74. Ni Wadon Asmara aris dennya muwus
lambenira yen anggamil
pantes sira yen denwuruk
bisane gawe mamanis
angrancana atining wong.

75. Nulya enggal serat tinampenan sampun
alon binabar tumuli
paos kang atunggalipun
winewer dados satunggil
adan anulya winaos.

76. Sadangune sinukma sajroning kalbu
boten kawedal ing lathi
langkung manahe kasaput
pupuhe Maesalangit
sangeting tembene tumon.

IX. KINANTHI

1. Baya ta sang srining gunung
minangka angusadani
ing manahing katuridan
tulusa angaken dasih
nanging ta mangsa wandeya
dunungan ananampuri.

2. Witning salaya kalangkung
amora ing kusumadi
supaya kang anglangkara
anurut manah kasarik
kadhawuhan ing asmara
ne kang pinrih ing rerepi.

3. Boten kongsi maos tutug
nuntenwinawar tumuli
manahe kadya ingunggar
kawaos ungeling tulis
jing antuking wong utama
wignya ing kidung Kinanthi.

4. Aris ataken sang ayu
iki si ana ing ngendi
mau kacung kakangira

kang liningan amangsuli
wau tebeng kula kesah
pun kakang wonten ing wingking.

5. Kaula pinenging dangu
malah ta winanti-wanti
ajeng ming Candrataruna
samadosa mengkin bengi
angajak cacalempungan
ing pasowane kiyai.

6. Nyi Wadon Asmara muwus
kiyai kang animbali
mau maring kakangira
akona ngundang-undangi
kang liningan awacana
layak pakene kiyai.

7. Mangsa si kakang memeruh
Nyi Wadon Asmara angling
jing lewere kakangira
kudu angrampek buncari
ora pantes winong sanak
sasalade man Ngabei.

8. Anake Ngalambang muwus
ndaweg andika mangsuli
kaula enggal-enggalan
wau gah Nyai Ngabei
linggih wonten papajangan
ajrih manwi mariki.

9. Langkung maras kakang ayu
yen wontena ameningi
nunten enggal anenerat
Nyi Wadon Asmara angling
sumagar dadi wong lanang
sumelang teka jejerih.

10. Adan sinungaken gupuh
sigra tinampen tumuli
amit sarwi awotsekar
nulya medal dhateng jawi
kapanggih linggih pajengan
sira Undhakan Panolih.

11. Songkawa sarwi tumungkul
tambuh pinaraning agring
katha-katha kang kemutan
lamine wonten ing ukir
wantu pisah lan kang raka
weweh karaos yen atis.

12. Sutane Ngalambang muwus
sarwi mendhek awotsari
punika serat wangsulan
nunten tinampen tumuli
winaos sajroning manah
eseming lathi amanis.

13. Gebyaring waja sumaput
watnanira sang apekik
lir dedewaning Kayangan
kampuhipun tengah kadi
paningset garingsing wayang
lancingan cindhe rinukmi.

14. Sekar pinarada patut
ing karna rinengga adi
yen anaa kang anilap
tan wurung aneletehi
dadi suhur kamiragrag
binadhe toli angirib.

15. Sadaya ingkang denrasuk
dening Undhakan Panolih
saking Ni Wadon Asmara

angsale karya pribadi
kalayan burate pisan
inggih dhateng anyaosi.

16. Mangko sinigeg rumuhun
kang lagya ngumbar raosing
manah lan anjajah desa
kauwuwusa Argarasmi
sira Wasi Indralaya
lumampah kalih kang rayi.

17. Miyarsa warata kasawur
saking tiyang Argarasmi
yen ing dhusun Telukmina
wonten satriya apekik
dados suhuring nagara
awasta Kuda Panolih.

18. Mila pinurugan gupuh
kaseseh onenging galih
sira sang Kuda Pamekas
kalayan kang apalinggih
wantuning kasamen karsa
mila alalampah wengi.

19. Layan pinrih sepinipun
ambakta sadherek istri
sira Wasi Indralaya
lumampah wonten ing wingking
sarya ngemban arinira
boten kenging tebih-tebih.

20. Kuda Pamekas ing nagyun
lampahe anyangkirangi
yen ragi pedhek anglunta
la yen tebah denantosi
manahe awor kagiwang
tan pegat anawalani.

21. Sinamur sangsaya wuyung
meh tan kena densayuti
tansah ing menggah songkawa
tembe uninga raosing
mila ngilari sopana
kenginga pedhek alinggih.

22. Manda manahe susugun
upami pedhek sadhidhik
kongsiya imbal wacana
pracining umangsuli
dhateng kang sanget angajap
pan dereng mantra nimbangi.

23. Wasi Indralaya nguwuh
mangkin adhi aso dhingin
puniki rayi andika
dhing boten kajeng lumaris
kesel pun kakang angemban
binten lagi maksih alit.

24. Dalasan jemper kang bau
besuk ora nglalagani
iya gusti malakuwa
yen kesel sun emban maning
nggih rayi Kuda Pamekas
andika sumbang sadhidhik.

25. Arine sendhuh amuwus
kang raka denpalereki
kulepun angrasa saya
yen andika boten sudi
la daweg andika lunta
sapa sinten ingkang penging.

26. Yen andika banget lumuh
kakang kula atut buri
andika tilar ing wana

endah jing anunukeri
wite ingkang kados kula
lan sadherek sungkan tebih.

27. Kang raka aris amuwus
mbuh dening kagedhen ati
ora gelem babarengan
binadhe ora jejeri
arep pisah lan si kakang
babu dening anggunturi.

28. Kuda Pamekas dan matur
wuwuse arum amanis
kakang si leheng kaula
lumampah wonten ing wingking
ewuh aya ing sopana
benten kados dede wengi.

29. Wasi Indralaya muwus
ingkang rayi.denririhi
bayane jeh kakangira
iya lumaku nang buri
sira rara denpracaya
ora lakar bocah aring.

30. Kang rayi mindel tumungkul
boten karsa amangsuli
sira Wasi Indralaya
ningali dhateng kang rayi
weweh ing pangemanira
reh sanget ing kawlas asih.

31. Sira gusti adhinisun
nyananira durung bengi
tangane mbok kasasanjan
kaya taningan kapithi
lamon peteng lunga-lunga
pati-pati susupiti.

32. Arine nulya angambul
sarya andhepok ing siti
mungkur angusapi waspa
kang raka amarepeki
ingelus-elus kang rema
tur sarwi denpitutur.

33. Ingarih-arih tinulung
wis menenga aja nangis
masi sok doyan purikan
dheh kawilang ora isin
katekan si Sangulara
ika padha angesemi.

34. Pun Indhang Kasmaran matur
sampun juwet dika gusti
ambeda rayi andika
binten kados dede wengi
lan malih wonten ing wana
mila sampun angilari.

35. Wus mangkat sing parnahipun
tan kocapa aneng margi
enggaling amarna gita
ing mangke sampun pinanggih
sira Wasi Indralaya
lawan Undhakan Panolih.

36. Dalah wus binakta mantuk
mangke dhateng ing nagari
saking dhusun Telukmina
meh angajengaken prapti
dhateng nagara Janggala
negnena mangke rumihin.

37. Yan ta gantining winuwus
tucapen ingkang ginurit
purantara ing Janggala

ri kalaning sri bupati
pinedhek ing sokangsana
dening Rarakyan Apatih.

38. Pangeran Raja Tanangun
kang putra sri narapati
Pangeran Raja Kalana
putrane sang Selagiri
dados putra kapenakan
dhateng sri narendra mangkin.

39. Sang nata langkung angungun
ningali putra sakalih
kengetan dhateng kang putra
lami atilar nagari
Pangeran Raja Pamekas
dados sadarganing galih.

40. Sampun angsal kalih naun
enggene tilar nagari
tingtrim praja ing Janggala
antuka dan sri bupati
awis amiyos sinowan
manahe langkung ing sedhih.

41. Ing mangke myarsa sang prabu
nenggeh kang putra sakalih
wonten ing Praja Madhendha
kawartos malebet ngabdi
lami sami mandhakawan
inggih dhateng sri bupati.

42. Nunten nimbali amethuk
wondening kang dentimbali
Pangeran Raja Kalana
kering ing santana mantri
wadyabala tigang nambang
ingkang sami sikep baris.

43. Pangeran Raja Tanangun
rencange sabaya pati
sami angrasuk busana
kadya sikeping ngajurit
sadaya tiyang Janggala
sami prayatna ing wisthi.

44. La yen wonten damel agung
manahing ponggawi mantri
lir amanggih kasinoman
dhalange kang animbangi
mangkana panyiptanira
saking prajurit linewih.

45. Milane dados masuhur
inggih ing sanes nagari
yen inggih wadya Janggala
boten kenging dengagampil
keringan ing sami nata
alantaran ing ngajurit.

46. Wuwusen malih sang prabu
maksih pinedhek wonten ing
kathil kancana rinengga
anulya ngandika aris
wis gusti sira miyanga
mbok kaburu lunga maning.

47. Nulya sakalih wotsantun
wau dhateng sri bupati
aris kondur sing ngayunan
miyos ing jawi tumuli
sigra anembang tengara
reh ambubaraken baris.

48. Pangeran Raja Tanangun
kering ing mantri sinelir
kalayan Raja Kalana

lir pendah wuruk rinakit
datan aetang ing baya
pandurmane kang lumaris.

X. DURMA

1. Padhusunan Madhendha kang kalintangan
bubar pra samya ngili
titiyang Janggala
sampun anedya perang
milaning kalangkung dening
pragalbanira
karaos boten ajrih.

2. Jinupotan bebek ayamipun telas
rajadarbene sami
densandhang dentedha
wadyabala Janggala
sadaya kang anjupoti
tiyang Madhendha
tambuh rewang lan weri.

3. Raja Kalana anitih kuda pethak
ginrebeg dening baris
lumampah ing ngarsa
asri apajeng rakta
lir Bathara Surapati
pasemonira
tuhu biramanjrihi.

4. Raja Tanangun lumampah aneng wuntat
anitih kuda abrit
pinajengan kebar
kering ing upacara
tanopen ponggawa mantri
datan katingal
kaliput dening baris.

5. Gurnang syaraning surak ambal-ambalan
lir paguting ngajurit
titiyang Madhendah
samya angungsi kitha
angres geris aningali
abilulungan
lali ing anak rabi.

6. Sampun prapta ing jawi kitha Madhendha
pareng wijiling rawi
adan kawarnaa
Rakyan Patih Madhendha
lan sang Adipati Keling
samya sinowan
dening ponggawi mantri.

7. Ponggawi Madhendha lawan Kasabrangan
samya jajar alinggih
mangke kawarnaa
sira Raja Kalana
rawuh kalayan kang rayi
kakanthen asta
inggahe ing sitinggil.

8. Ginalandi dening santana ponggawa
ajrih kang aningali
ing Raja Kalana
tingale kadi surya
ing jaja sumirat abrit
samya prayatna
mantri ponggawi Keling.

9. Raja Tanangun alinggih sandhingira
wonten ragi kawingking
kederan santana
ing ngiringan ing wuntat
sami prayatna ing wisthi
Raja Kalana

asru denira angling.

10. Manira pinotus dening sri narendra
kinen angandikani
ing sanak manira
aran Kuda Pamekas
lawan si Kuda Panolih
puniku paman
arsaneasasalin.

11. Si Kuda Panolih punika ta paman
duk ana ing nagari
sang Raja Pamenang
putrane rama paman
kang andarbeni Kadhiri
inggih manira
kang kinen angulari.

12. Ana dening kang aran Kuda Pamekas
duk ana ing nagari
sang Raja Pamekas
putrane rama paman
ing Janggala kang rumihin
punika paman
mengkine wonten pundi.

13. Heh paman Patih ing pataken manira
pakanira ja kelid
lamon enggih nyata
adhi manira ana
Rakyan Apatih nulya ngling
inggih ta nyawa
milaning amradongdi.

14. Nanging kang dados pitaken jengandika
inggih boten udani
kaula miyarsa
nanging wartos alama

wonten awasta Panolih
layan Pamekas
tebeng naun kawingking.

15. Adipati Keling asru wuwusira
isun kang amateni
maring sanakira
si Undhakan Pamekas
lawan si Kuda Panolih
reko budiya
yen sira wong abecik.

16. Sapamyarsanira sang Raja Kalana
bendunira tan sipi
aglis jinaragang
kacawel wijangira
malempat Dipati Keling
mantri Janggala
gupuh denira mbyuki.

17. Pun Gajaturu kacandhak murdanira
tobat anjerit-jerit
geger mawurahan
sagunging wadyabala
anumbak tinumbak sami
tambuh ing rowang
wadyabala ing Keling.

18. Raja Tanangun angsal mantri sadasa
kang pejah lan kang kanin
sang Raja Kalana
maksih ayuda brata
lawan Adipati Keling
ponggawi gangsal
kang maksih anyuduki.

19. Raja Kalana pageh datan awiyang
gumujeng sarwi angling

iya tutasena
dipati rosanira
ora sunwales tumuli
mbok kurang puwas
reke ngundanga maning.

20. Dipati Keling srengen anguntar-untar
dhuhung putung kakalih
ingangge mrajaya
dhateng Raja Kalana
sang adipati sru angling
dening alancang
edan ora ngrasani.

21. Dangu sang Raja Kalana sinudukan
dening Dipati Keling
lan ponggawi gangsal
kang tumut amrajaya
nulya amales anggitik
kalawan asta
dhawuh sang adipati.

22. Konjem ing siti mastakanira pecah
mata metu kapincil
ludiranya muncar
miyos angeri nganan
saking karna saking lathi
mantri kang gangsal
pan sampun angemasi.

23. Pun Gajawuru ingangge akasukan
sami ingiris-iris
lagya maksi gesang
dados sawalang-walang
sadaya ponggawi Keling
pan samya pejah
meng Kyan Rangga kang maksi.

24. Malajeng wau awor lawan babathang
aguler lawan getih
api-api pejah
sampuning aluwaran
titiyang kang sami jurit
tumulya wiyang
malajeng niba tangi.

25. Raja Tanangun kalih Raja Kalana
pinedhek ing sitinggil
ponggawi Madhendha
sadaya binastanan
wonten sandhaping waringin
mantri Janggala
kang sami anggagandhi.

26. Rakyan Apatih wau babastanira
wus kinen anguculi
nunten pinariksa
milaning pinejahan
sira Undhakan Panolih
dan matur enggal
sira Rakyan Apatih.

27. Tan adangu potusan saking jro pura
nenggeh kinen ngaturi
sang Raja Kalana
kalayan arinira
malebet ing dalempuri
sri naranata
methuk wijil ping kalih.

28. Sang nata sarta boten adhudhuhungan
milane denuculi
sang Raja Kalana
banggih boten pracaya
yen kangjeng sri narapati
sampun sumarah

angaturaken puri.

29. Sang Raja Kalana pareng arinira
pan katuran sakalih
dhateng ing ngajengan
nira sri naranata
sang aji amuwus aris
daweg katuran
malabet dhateng puri.

30. Karsa ingkang ingaturan kalihira
dan kawuwus ing jawi
ponggawi Janggala
maksih alilinggiyan
kalayan Rakyan Apatih
miwah sang Arya
ing Madhendha alinggih.

31. Pan tembene rawuh saking wesmanira
nenggeh lagi asakit
lamining tinilar
awis-awis adhahar
dening Undhakan Panolih
kalangkung marma
lir sutane pribadi.

32. Nulya rawuh timbalan saking jro pura
kinen sami nguculi
sagunging ponggawa
ingkang sami binasta
amuwus Rakyan Apatih
inggih sandika
dhateng anglaksanani.

33. Pakanira turena sembah manira
nyai ing kangjeng gusti
lan mantri ponggawa
ing Madhendah sadaya

atur sembahipun sami
nggih pakanira
turna ing kangjeng gusti.

34. Potusan enggal malebet ing jro pura
dan kawuwusa malih
kang wonten kadhatyan
sira Raja Kalana
lan arinira alinggi
rinengga-rengga
denira sri bupati.

35. Sang nata ing Madhendha pamuwusira
jengandika tampeni
nagari Madhendha
katura ing mas putra
sang Raja Kalan angling
inggih anedha
manira rama aji.

36. Lan anake pun rama inggih katura
lumayan kangge cethi
parantos kengkenan
amedhek ing ngajengan
nunten kinen angaturi
Ken Adiningrat
dening sri narapati.

37. Tan adangu enggal rawuh ing ngajengan
sira sang raja putri
wuryaning karuna
tingal bintit araras
boten aseserat malih
suwarnanira
kadya putrining ejing.

38. Asinjang cindhe ijem akampuh ladrang
sengkange gombel sari

burat rarapuwan
lalarike katemba
maksih labet wingi enjing
linggih ing ngandhap
ira sri narapati.

39. Pramesyara tansah angusapi waspa
saban yen aningali
dhateng ingkang putra
dening langkung ing wangkal
agung pambengane prapti
milaning awlas
panduka pramesyari.

40. Sang nata amuwus dhateng putranira
gusti sira denbecik
pisah lawan bapa
den angidhep ing ujar
tumungkul sang raja putri
angusap waspa
karaos yen kasesi.

41. Bayane gusti wis parentahing dewa
mangsa kenaa gingsir
wite kaya bapa
lumuh pisah lan sira
wlasing ati angliwati
wus pandumira
gusti kawelas asih.

42. Raja Tanangun aris denira ngucap
rayi anglung ing nginggil
sumados ing ngandhap
sang putri wuwusira
sampun pened ing ngariki
boten sangginnya
teka andika linggih.

43. Tan adangu nulya pependhetan prapta
pasegehe sang aji
aglis ingambengan
sira Raja Kalana
wau kalayan kang rayi
ingacantenan
sarta ngaturan wari.

44. Daweg mas putra kalih katuran dhahar
Raja Tanangun angling
pakanira rama
daweg sami adhahar
angandika sri bupati
teka dhahara
mas sampun isin-isin.

45. Pun rama wau dereng dangu anedha
nunten adhahar sami
tan adangu wusan
ambenge ingurudan
caratan sampun pinandhi
sawusing dhahar
toya amucang aglis.

46. Raja Kalana sira aris anabda
rama kaula amit
manawi ingarsa-
arsa dening sang nata
amuwus sri narapati
mangke mas putra
linggih sasaat mali.

47. Kang liningan amangsuli pangandika
manawi mbenjang malih
gampil winangsulan
yen maksih awet gesang
mangsa wandeya mariki

sri naranata
nunten amuwus mali.

48. Rayi andika punikiyen mas putra
inggih kabakta mangkin
sang Raja Kalana
angling tulus binakta
manira mring jaba dhingin
anulya medal
sareng layan kang rayi.

49. Titiyang dalem pura samya karuna
muwah sri pamesyari
boten kenging wiyang
kang putra kinekepan
amuwus sri narapati
kaya ta bocah
lelewanira iki.

50. Sira umpetena ing pugasing jagad
ing sadhuhuring langit
babu ora kena
wus parentahing dewa
sira bisa angowahi
wong tuna dungkap
kang kaya sira iki.

51. Lan atine anakira metu runda
andeleng sira nangis
anulya binakta
kang putra ing warana
tinitihaken ing joli
pawonganira
sadaya atut wingking.

52. Pun Cantigi layan pun Paraningsemang
angapit kanan kering
dan miyos ing jaba

joline pinajengan
somahing ponggawi mantri
samya tut wuntat
dhateng sang raja putri.

53. Pangeka ciptanira sang adiningrat
ing salebeting galih
dening kaniaya
ingkang gawe lantaran
bula ta maningan masi
anaa ingkang
duwe welas ing ati.

54. Raja Kalana kalayan arinira
samya aniti waji
asri pinajengan
samya saupacara
tan pendah yayah ing tulis
nulya tangara
ambudhalaken baris.

55. Ing pura maksih syaraning akaruna
lir ombaking jaladri
datan kawarnaa
manahing kang sadarga
sira kang menang ajujrit
arah anglunta
inggih dhateng nagari.

56. Aglising marna gita ganti carita
wonten susulan malih
ing praja Janggala
wau kinen matura
dening kangjeng sri bupati
dhateng kang putra
kinen ngaturi uning.

57. Ing sang Raja Kalana lan arinira

yen ingkang rayi prapti
sang Raja Pamekas
rawuh ing purantara
Janggala sampun alinggih
pareng kalayan
maskara ing Kadhiri.

58. Sang Raja Sena layan Ratna Turida
kang nguni asisilih
Wasi Indralaya
inggih sang Raja Sena
satriya saking Kadhiri
Raja Kalana
langkung suka tan sipi.

59. Anulya weweh sineru lampahira
ambrih enggala prapti
ing Praja Janggala
onenging tyas kalintang
age-agea kapanggih
lan wangsanira
lastantun kang lumaris.

60. Kabyatitah panagara ing Mamenang
tatkala sri bupati
pinedhek kaliyan
panduka pramesyara
wonten ing bangsal pangrawit
pepek sadaya
sagunging para selir.

61. Sang aji tansah akundhang akeseran
pinten lamine mangkin
sapatilarira
maskara ing Mamenang
Kangjeng Sinuhun Kadhiri
awis sinowan
ing ponggawi len mantri.

62. Kawewehan aningali ingkang garwa
panduka pramesyari
maksih sok karuna
oneng dhateng kang putra
langkung sadarganing galih
sri naranata
tan pegat mitutur.

XI. DHANDHANGGULA

1. Dangu angungun sri narapati
amiyarsa gereh atimbalan
semang pangudyasmarane
kawayang putranipun
aneng paran kawelas asih
dereng uning yen prapta
ing Janggala sampun
megah sarwi angandika
anakisun si Pamenang ana ngendi
baya ta bocah ika.

2. Kapiyarsa dening pramesyari
ing pangandikane sri narendra
supe duk mijil waspane
sayan kadangu-dangu
pamawining oneng prihatin
warnine putranira
kawangwang kadulu
asru panalangsanira
dening lantaraning atilar nagari
amargi binendonan.

3. Antuka dan boten darbe malih
meteng putra satunggal punika
milaning sanget ngemane
pan dening sampun agung

kados maksih lagya raryalit
sang nata lir anangga
toyaning kamumu
karanten kadingaleman
supanten kangjeng panduka pramesyari
purun asring amapas.

4. Amuwus sri narendra Kadhiri
ratu yen anak ndika tekaa
sarta dinawa umure
iku sinadyanisun
nagara sun srahken tumuli
ing si Raja Pamenang
saking isun kawus
ratu dentinggal ing anak
yen ta isun aja bangeta nayuti
pantes kalakon edan.

5. Supaya isun masih anglingling
yen wis parentahing ngabathara
mulane ana senggange
sengkele atinisun
nanging lamon sun etang maning
jing karana andika
popolose iku
kaya meh ora kacandhak
kapracayan isun ingkang lewih asih
ing si Raja Pamenang.

6. Lawan isun ora kakat maning
yen andeleng bature dodolan
kang sapantare gedhene
kalawan anakisun
angandika sri pramesyari
uwis aja denucap
sun sungkan angrungu
dadi amuwuhi lara

maring atinisun ingkang lagi eling
ing si Raja Pamenang.

7. Mara konen anusuli maning
anakisun ambrih gelis teka
akalen apa dayane
dimon nuli katemu
mbok ta ora na kang ngulati
mung ing ngarep andika
bae padha sanggup
sang nata aris ngandika
mangkonoa andon padha sunlarani
sapa kang sunsantaha.

8. Anrapaken ing mantri Kadhiri
pan ora na sesengkan lyan desa
kawulanisun sakabeh
pira suwe ingundur
kaya kurang ginawe mantri
wong Bali Balangbangan
yen asih ing isun
mangsa wurunga sunpalar
sumilih itik merake wong Kadhiri
yen ala sun nggo apa.

9. Watawis angsal samadya gosthi
kasaru wonten pedhekan prapta
wotsari gepeh ature
inggih kaula nuhun
atur semahipun pun patih
nenggeh wonten utusan
sing Janggala rawuh
amandhih nawala patra
sapamiyarsanira sri narapati
nulya glis ingandikan.

10. Kyan Apatih dening sri bupati

sarwi kinen ambakta nawala
prapta ing ngajengan age
serat anulya katur
dhateng sri narendra Kadhiri
sinukma ing wardaya
ungeling pupucuk
yen kang putra samya prapta
pugasing pamajar angaturi uning
sang nata ingaturan.

11. Dening kang raka sri narapati
ing Janggala pan pinema-pema
karinga ing dinten mangke
sri narendra amuwus
acawisa sira apatih
isun ingandikanan
dening raka prabu
Kyan Patih asaur sembah
enggal miyos ing jawi amepek mantri
sarya nembang tengara.

12. Gurnang adudung wadya Kadhiri
waneh asaos titi-titiyan
wis winongwong sadayane
joli jampana sampun
sasraboma lan asthawini
riringga puspa warna
aneng alun-alun
wus tinimbalan apasang
tanopen sagunging upacanten sami
tembak ing budhi jajar.

13. Liman sinaosaken kakalih
awasta pun Jajaka Berawa
sambada wawangunane
apethak ulesipun
binusanan mas aneleti

satunggale awasta
pun Jajaka Wuru
nanging awis tinitiyan
nuhung kangge upacanten yen narpati
kala akekesahan.

14. Saratine kawandasa sisih
sarwi rasukan sangkelat abang
besus amandhi angkuse
aneng ngayun neng pungkur
lurahipun pun Saraesthi
akampuh bathik sawat
asesendhal wungu
pantes acalana pethak
atrenggos bang sinuji kalayan rum
asusumping kananga.

15. Lurahing gamel pun Sarawaji
akampuh bathik naga kabanda
tapta ijo calanane
abebenting pangrenyu
rasukane sangkelat kuning
trenggos rinengga ing mas
semune abesus
sekar capaka ginubah
alunggguh ing ngayuning para pakathik
anggagandhi turangga.

16. Jejel ing pangurakan Kadhiri
dening santana mantri ponggawa
mala tan kumanan enggen
anglembing alun-alun
pasesebaning tandha mantri
lir ukir kadahanan
kabusananipun
ingkang babadhong kancana
pan pinatik ing inten widure sasi
mabrang sinang winastan.

17. Alandheyan kancana ingukir
galak rineka buta Balitar
kanakaluru pendhoke
kampuh calanànipun
boten wonten kasor ing warni
kadya sekar sataman
saking doh kadulu
samya angantos timbalan
kawarnaa dalem puri ing Kadhiri
pra samya abusekan.

18. Mrawatasuta wong dalem puri
miwah selir kang angadi pahyas
lir ing kasyargan rarase
sadaya kampuhipun
cecelepan tinepen asri
samya sengkan rerengan
amewehi ayu
tinimbalan asesekar
tandhane Kangjeng Dewaji ing Kadhiri
bungah maryatasuta.

19. Wonten gadhanging mantu kakalih
badhe pedhekane sang Pamenang
kadya kembar suwarnane
putri saking Singguru
layan putri saking Ngawanti
wasta Kumudarengga
lan Kumudaningrum
tinimbalan tumut kesa
arsa sinrahaken ing Dewi Rajadi
dening sri naranata.

20. Kang akakasih Dewi Rajadi
arinira sang Raja Kalana
nanging kang sadherek anem
kalayan sanes ibu

kalaning pinundhut mring puri
dening prabu Janggapa
sang dyah maksih timur
watawis jeben sisinjang
tinilar ingkang rama ing Wanagiri
mangke sampun diwasa.

21. Arahe sri narendra Kadhiri
sang Rajadi lan Raja Pamenang
akarsa binayangkare
enggal dening sang prabu
saajenging sasi puniki
yen pethuk lan kang raka
ing Janggala sampun
wuwusen Kumudarengga
pantes asinjang cindhe patola wilis
kampuh citramayana.

22. Asengkang pangadhah anelahi
linambaran singating andaka
pandhawajaya tutupe
tutunggul sami tatur
sekar ganggong sarwi inganggit
lelepen mamanisan
kalih mirah dadu
awor lan pangrosing asta
asawang pasthika ginunturan gendhis
adining kasudibyan.

23. Kumudaningrum kacandra malih
asinjang cindhe patola rakta
kilayunedheng kampuhe
sengkang gedhah mangungkung
sekar paparadan cangiri
samya linggih ing ngarsa
nira sang ahulun
amandhi kresna lan serat

linampadan nanampan mas kinumitir
aisi jejebadan.

24. Wondening sri nalendra Kadhiri
arja akampuh ateles rakta
cindhe gajah lancingane
asabuk gringsing alus
apaningset jumanten adi
ingembanan suwasa
prabane sumunu
panduka syari winarna
asinjang cindhe korma anatar wilis
kampuh rara kasmaran.

25. Asengkang sinamiran len manik
tutup inten sinawung lan mirah
sumamburat ujyalane
jajawane sumawur
angsaling kamasan undhagi
lir putrining Surendra
warnane dinulu
alinggih ing sandhingira
prabu ing Mamenang angandika aris
dhateng ing piniwedra.

26. He bocak pariksaa mring patih
yen wis pepek isun nedya intar
tumuli kasusu sore
dan mangkat kang ingutus
tan kawarna lampahe aglis
prapta mendhek wotsekar
matur ing sang prabu
ingggih sampun apalastha
aturipun pun patih meheng ngantosi
inggih karsa panduka.

27. Sigra bubar narendra Kadhiri

ingayap ing selir pipingitan
miwah wong jro pura kabeh
dewataning amungguh
pinajengan kaprabon asri
panduka pramesyara
lumampah ing pungkur
nunten kampeh sri narendra
ing made rante nitihaken kang rayi
wau dhateng jampana.

28. Mangkat jampana binakta mijil
ginrebeg ing somahing ponggawa
miwah lurah manyri kabeh
sandhaping sitiluhur
sri narendra anitih esthi
sakathahing pedhekan
adan nitih sampun
ing padhatos sasraboma
dening putri Singguruh putri Awanti
sareng lan pramesyara.

29. Tangara ambudhalaken baris
sumreg lampahing wadya Mamenang
mangkin kalangkung bungahe
sapaosing tumanduk
ak asukan sri narapati
kendhang gong aimbalan
syarane gumuruh
krebeting dyaja kanginan
Tunggulwulung aciri palwaga putih
pinandhi aneng ngarsa.

30. Kang pedhek klawan sri narapati
lalajengane sinempyok ing mas
kajeng ambalo jejere
panacek waos parung
kasarasah ing kancana di

gogodhine sinulam
ing kalpa umurub
ing wingking joli jampana
sajuru-juru lalayuning bupati
tengran aneka-neka.

31. Sugri padhusunan ing Kadhiri
kang pedhek lan margi ming Janggala
samya medhek lulurahe
sarta ngaturi suguh
pinten pinten gotongan sami
tumpeng papanggang ayam
dugan cengkir tebu
kupat lepet lan loganda
miwah dodol wajik sami denwadhahi
ing memeron lan pisang.

32. Pinalisiran sabang pangrawit
terong ireng lawan timun watang
tinalenan gantilane
opak papayonipun
patakane danas kinardi
deniringaken samya
deng rabining kuwu
gegembol barana nampa
sedhah ewoh winadhahan bokor kuning
medhek soring jampana.

33. Lelewane padha gagal-gigil
jojonggong dalah kalumah-lumah
kasingkab-singkab tapihe
anembah-nembah werung
nuli sida mung tangan siji
mesem sri pramesyara
sarya ris amuwus
iya isun atarima
maranaa tumuliya ing padhati
gawanen jambenira.

34. Nunten kesah lunta ming padhati
wasana kaserang ing wong Kalang
lagya amberod kebone
kaluwen kirang banyu
cinegatan pan boten kenging
pun Sekaralas mojar
nyai den mangidul
sampun pedhek lan maisa
lah sok sampun manira boyaa taksir
la kuh mbok katarajang

35. Saur paksi titiyang jro puri
iku padha wehana dadalan
dimon anglangsu marene
katungkul denguguyu
nulya tinampenan tumuli
ewohe sinalinan
bokore wus sinung
malih maring kang ambakta
adan miyang padhatos anusul joli
lastantun lampahira.

36. Kapongkur tepis wiring Kadhiri
angajengaken ing wanawasa
Gege Watesan arane
wondening tegalipun
winastanan Byuwanajurit
lan Tegal Kasinoman
katha banthengipun
angandika sri narendra
kinen amiyak lalangsening padhati
banggih karsa tumingal.

37. Kampo esthine sri narapati
nunten animbali babalandar
sagunging ponggawi kinen
dan lumaksana gupuh

tan adangu bedhagan mijil
saking kakaratagan
awatawis satus
angling sinuhun Mamenang
pacuwan pedhete padha denpateni
sakabeh uripana.

38. Sun nggo olih-olih si Rajadi
Rakyan Apatih asaur sembah
sampuning kacepeng aken
kardos kurunganipun
tumandang arahan Kadhiri
datan dangu palastha
ginotongan sampun
sigra bubar sri narendra
anglunta ing Praja Janggala meh prapti
lir wong rinaras driya.

XII. MIJIL

1. Wuwusen praja ing Bauwarni
putrane sang katong
Dewi Andayaradya wastane
kandhehan ko kalaning akingkin
tebeng ing ngaguling
nenggeh wingi dalu.

2. Anyupena maskara Kadhiri
sajroning panggoroh
amlasaken pangudyasmarane
milane putri ing Bauwarni
sawungune guling
adreng tyase kanyut.

3. Mangke anamur raosing galih
ana ing lalangon
meheng cethi sakawan rencange

wungkul wasta pun Jajampiwingit
bule pun Panggosthi
wandhan pun Pitutur.

4. Parnahing lalangon let sakelir
kiduling karaton
winastanan Banjaring Kajene
muwah pepethetan kajeng wangi
tahening kasturi
lawan kapur barus.

5. Kalempak pagut pang lan mangsoyi
ing pradata kulon
pala ajajar kalawan cengkeh
kasawung kajeng candhana jenggi
witing menyan putih
tepung pang lan garu.

6. Singa konjana lan angsoka prit
ajajar tinggaron
mawur sekaring tanjung kajene
katub ing samirana sumilir
kongas pambabaring
campaka rambuyut.

7. Asri palinggihan Madegadhing
tepining lalangon
sinirep ing jatos papayone
babatur banon pethak ginringsing
kaungkulan dening
witing nagasantun.

8. Pange cinanthelan paksi nori
lawan cangkurawok
jajar kalawan bethet bature
sadaya sami rinante putih
akik rinengga ing
mas patoyanipun.

9. Kayungyun syaraning paksi nori
pangocehe gawok
lir anglipur manahing wirage
trenyeh wiyoga embeh katangi
kewedan ing amrih
unggyaning anamur.

10. Sang amor ing mardawing kingkin
sinjang cindhe ijo
akampuh rangdi tinepen pasmen
sengkang manik wungu kunumitir
sumunu ajrenih.
lir jyalaning tangsu.

11. Sarwi lalarikan tusirilir
sesekar ergulo
pantes lan memes sawadanane
apindha maben katruhan gendhis
ratuning amanis
sumbaganing ayu.

12. Angandika sang raja suputri
dhateng ing pun Cabol
manawa sira weruh rupane
putrane rama uwa Kadhiri
koncara yen lewih
warnane abagus.

13. Pun Ginosthi atur awotsari
kalua waspaos
Raja Pamenang ugi warnine
kadya ta sinatriya ing ringgit
kang dipunwastani
Wara Abimanyu.

14. Andayaradya ngandika aris
ya ta ora bodho
benering pangaleming wong akeh

pun Panggosthi nusul atur malih
burancah ing istri
ratu cacadipun.

15. Dalah naun kapengker puniki
angsal putri roro
anyu-ayu nenggeh ing warnine
putrane Adipati Awanti
lan putrane Adi
pati ing Singguru.

16. Milane kula uning ing warti
tuture pun embok
ing Kadhiri adarbe sadherek
tebeng ing sakit dipuntiliki
wasta pun Sukesi
punika kang tutur.

17. Kaula mila milaning uning
dhateng ing waspaos
ing raka jengandika wartine
inggih tebeng titilik pun bibi
kaula duk amit
punika karuhun.

18. Manahe sang akendhehan kingkin
tansah amamaro
sajroning amuwus lan cethine
Raja Pamenang katon ing galih
dereng supe saking
nembe wingi dalu.

19. Kasengsem pangudyasmaraning gring
ciptaning anglamong
saking ngendi baya dedalane
yen isun wruh wahing wong Kadhiri
kang dhengki angramji
maring atinisun.

20. Mulane pati ngambat-ambati
ora wawuh wano
teka katemu anang pangimpen
bari lelewane wani-wani
ika sun arani
wong delap amberung.

21. Ora wedi ing putunging alis
salandha-salondho
yen ta kaya mangkono temene
karane sih padha denkasihi
dening para putri
bisa amrih lulut.

22. Isun yen ajaa banget eling
pantese kalakon
angunggahi maring sasanane
si edan kang sun kangen semangi
atinisun dening
kaya wong denkucur.

23. Pun Jajampiwingit matur aris
ratu dhing pun Cabol
wingi lagi kilem anggaremeng
wicantene kaula takeni
angimpi papanggi
lawan rare Indhu.

24. Panakawane putra Kadhiri
amuwus pun Cabos
angas temen tur dhedhewekane
anglindur bangga andhudhupaki
endhasisun masih
la kih padha bendjut.

25. Sun tangekaken anggaruti
kaya ta gandarwo
rarainisun pating bulareh

esuk-esuk dhingan teka peri
nuli sun tambani
beras uya kencur.

26. Nulya kasaru sri pamesyari
rawu sang katong
sarwi ambeluk-beluk putrane
rara lagi apa sira gusti
anang sepi-sepi
bari tanpa batur.

27. Aja bumambal ing kene erit
akeh kang kapinton
si jurutaman tambuh seringe
kapalayu ing setan memedi
mayu padha mulih
dan gepeh pinekul.

28. Sang putri dening sri narapati
binaktang karaton
pramesyari lumampah wurine
angandika aris sri bupati
pan sarwi lumaris
dhateng srining ayu.

29. Rara si bapa denandikani
ing Janggala mangko
kinen anjenengi pangangkate
si Pamekas jumeneng narpati
acawisa gusti
sira sun kon milu.

30. Ibu-ibunira sungawani
kang arep anongton
sri pamesyara aris wuwuse
mbok aja sida ing dina iki
tur iku sadening
garasah garusuh.

31. Kaya ta lakuning wong sawiji
amuwus sang katong
ya ta apa mangko sabecike
atari ing Uwa Mangkubumi
undangen Ki Patih
bocah den agupuh.

32. Mangkat pedhekan miyos ing jawi
kawarnaa mangko
pepek ponggawi Urawan kabeh
supenuh pasowane kya patih
gunging tandha mantri
lan para tumenggung.

33. Samya asaos pabuwu sami
badhe mring Janggawon
lembu maesa wondening wose
arsa winrataken ing padhati
kinen angunjali
mring waringin kurung.

34. Winatawais dening kyana patih
saatus padhatos
lembu lan maisa tigang lawe
leheng agung sumadosing kedhik
yen boten sawawi
agampil ingundur.

35. Kyana patih len para ponggawi
samya adan miyos
kesah dhateng pangurakan gedhe
kering ing epok kandhaga lampit
pinajengan abrit
talempek ing ngayun.

36. Nulya kapethuk rekyana patih
lan duta saking jro
angling kiyai ngandikan age

tinimbalan denira sang aji
